# КъБР-м и еджагъэшхуэ ныбжьыщIэхэм ират УФ-м и Президентым и грантхэр къыIахыну хуитыныгъэ зэраIэмкIэ щыхьэт тхылъхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щаритащ УФ-м и Президентым и грантхэр къыIахыну хуитыныгъэ зэраIэмкIэ щыхьэт тхылъхэр.**

ФЕДЕРАЛЬНЭ зэпеуэм щытекIуахэм яущыщ Атлъэсчыр Альберт, Уянаевэ Хьэлимэт, Гузиевэ Лейлэ, ЕхъулIэ Залинэ сымэ. Абыхэм я проектхэр теухуац глобализацэм и лъэхъэнэм щалэгъуалэм я плъапIэ нэхъыщхьэхэр убзыхуным, социально-экономикэ зыужьыныгъэм, щIэныгъэ школхэмрэ вуэхэмрэ щыззтеувэ инноваци кластерхэм я иджыпей архитектурэм, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щIыналъэм щылажьэ промышленнэ предприятэ инхэм я зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыным.

«Иужьрей илъэсхэм къриубыдэу республикэм и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм мыпхуэдэ ехъулIэныгъэ иджы ягъэ къахьауэ араща. Абы дэ хуабжьу дыщогуфIыкI. ФIыщIэ фхузощI жыджэрагъ зэрыфхэлъым, фызыхуежьа Iуэхур и кIэм нэвгъэсыну фызэрыхущIэкъум папщIэ. Фэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэм и статусыр къызэрыфIэтым къыщымынэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ Iуэхущ Iапl э-хэм я статусми хывоГахъуэ», - жиIащ КIуэкIуэ К. В.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Матовников Александр и цIыкIэ КъБР-м къегъэщыIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачев Александр Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-рэ я щIэныгъэ лэжьакIуэхэм ехъуэхъуац.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьац щIэныгъэм зегъэужьынымкIэ Iуэху нэхъыщхьэхэм, IэнатIэм и лэжьакIуэхэм яхэрал дэIэпыкъуныгъэ зэрыратым, щалэгъуалэм я зэфIэкIкIэр нэсу къаГалъэгъуэфын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр зэрызэтрагъэуэжьац.

ЩIэныгъэм и лэжьакIуэхэм республикэм и унафэщIым хуаIуэтац езыхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр зыхуэунэтIац икIи абыхэм зэпымыууэ зэрадзэIэпыкъум папщIэ фIыщIэ хуащIац. Къэпсэлъахэм къыхагъэщхьэхукIац щIыналъэм и унафэщIхэм я гулытэм абыхэм я лъэр зэрыщIигъэкIыр, социально-экономикэ кьалэн нэхъыщхьэхэр дэгъэкIыным зэрытригъэгушхэр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мовсисян Г. О., КъБР-м цIыхухэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Къумыкъу І. М., Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и ректор Альтуд Ю. Кь., Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Нэгъуей З. Б. сымэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.***

# Фи гъащIэр гъэнщIауэ зэрекIуэкIынур си фIэщ мэхъу

## КIуэкIуэ Казбек «Мэшыкъуэ-2019» Кавказ Ищхьэрэ щIалэгъуалэ зэхыхьэшхуэм хэтхэм яхуозэ

КIуэкIуэ Казбек Пятигорск къалэм щахуэзац «Мэшыкъуэ-2019» XX Кавказ Ищхьэрэ щIалэгъуалэ зэхыхьэшхуэм хэтхэм икIи Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и мазэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща лъэпкъ щэнхабзэ фестивалыр къыщызэIуахым къэпсэлъащ. ГуфIэгъуэ дауэдапщэм хэтащ Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Матовников Александр, округым хиубыдэ щIыналъэхэм я унафэщIхэр.

ЩIалэгъуалэм хьэщIэхэр лагерым къыщрашэкIащ икIи федеральнэ ахъшэ хуэхахыну зыщыгугъ проектхэм щыгъуазэ яхуэзац, социальнэ кьалэн щхьэхуэхэр дэгъэкIынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэу кьалъытэм тепсэлъыхьац.

КъБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр КъБР-м икIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щхьэхуэу яхуэзац, добровольецхэм я зэщIэхъеенныгъэм, туризмэм зегъэужьыным, лъэпкъ мыинхэм я щэнхабзэр хъумэным, щIалэгъуалэ театрхэр, проектхэр щагъэхьэзыр центрхэр къызэгъэпэщыным теухуауэ ахэр зыщIэупщIахэм я жэуапхэр яритац.

«Мэшыкъуэ» зэхыхьэшхуэр Кавказ Ищхьэрэм нэхъ зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щызэхуэзэ щIыпIэ, иджырей гупсысэхэмрэ мурадхэмрэ щызэщIагъэуIэ, ныбжьэгъуГэмрэ мурадыфIхэмрэ кьыщежьэ щIыпIэ хъуац. Фэращ дэ ди щIэгъэкъуэнри ди пIалъэри. Фи гъащIэр дахагъэкIэ, кьабзагъэкIэ, зэхущытыкIэ тэмэмхэмкIэ гъэнщIауэ зэрекIуэкIынум шэч кьытесхьэркъым», - кьыхигъащхьэжькIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм икIи зэIущIэшхуэм хэтхэм ехъулIэныгъэхэр кьахьыну, кьарурэ ерыщагъ рэ яхэлъыну, я мурадхэм емызэшыжу хуэкIуэну ехъуэхъуац.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и махуэр яухащ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм я творческэ гупхэм я концерткIэ.

«Мэшыкъуэ-2019» зэхыхьэшхуэм мы гъэм къыщызэхуэсац Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым, Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэм, ди гъунэгъу къэралхэм я щIалэрэ хъыджэбзу мини 3-м щIигъу. КъБР-м абы къыщыхилъхьац социальнэ жэрдэму 220-рэ. ЗэIущIэм и фондыр сом мелуан 85-м щIегъу. Дэтхэнэ проект нэхъыфIри гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ хухахыну грантхэр сом 300000-м щегъэжьауэ сом 2500000-м нэсу щытынущ.

«Мэшыкъуэ-2019»-м и къызэгъэпэщакIуэхэм къэралым и эксперт цIэрыIуэхэмрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым лэжьапIэ щызытхэмрэ хэту егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, спорт программэ хьэлэмэтхэр ягъэхьэзырац. Зэхуэсыгъуицыр ирагъэкIуэкIынущ «Зи Iэщ Iагъэм хуэIэзэ цIыхухэр», «Жыджэрагъ зыхэлъ цIыхубз», «Сэ сыпашэщ» къыхуеджэныгъэхэм щIэту.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.***

# Къуажэ еджапIэхэм къыщызэIуахынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ еджапIэхэр я лъабжьэу къызэрагъэпэщынущ «Технология», «Информатика», «Основы жизнедеятельности» унэтIыныгъэхэр зиIэ «Зыужьныгъэм и къежьапIэ» центр 27-рэ.**

А ПРОЕКТЫМ ипкъ иткIэ щIыналъэхэм я егъэджэныгъэ Iэхущ Iапl эхэм яIэрыхьэнущ 3D-Iэмэпсымэхэр, квадрокоптерхэр, шахматхэм зэрыхуагъасэ комплект-хэр, интерактив комплексхэр.

Технологие лъагэр зи лъабжьэ Iэмалхэр къэгъэсэбэныр щIэгъэкъуэнышхуэ хэунущ бжыгъэ, гуманитар унэтIныныгъэхэмкIэ предметхэм еджакIуэхэр нэхъ хэгъуэзэнымкIэ, 3D-Iэмэпсымэхэр, компьютеркIэ итхъэныр, бжыгъэ технологиехэр кьадэIэпыкъунущ зыубгъуауэ икIи куууэ гупсысэнымкIэ.

«Зыужьныгъэм и кьежьапIэ» лэжьыгъэм хэтыну егъэджакIуэхэр иджыпсту абы хуагъасэ.

Центрхэр къызэIухыныр ирагъэкIуэкI «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэу Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Унафэм тету. Урысейм ЩIэныгъэ егъэзыгъэныкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрри хигъэхьац программэщIэр щагъэунэхуну яубзыхуа щIыпIэхэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.***

# Къалэ паркыр ягу ирохь

**Бахъсэн къалэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыщыIам абы и паркыщIэм епIащэщ «Урысейм ухуэныгъэмкIэ и министерствэм проектхэмкIэ и дирекц» федеральнэ Iуэхущ Iапl эм и унафэщIым и къуэдзэ Сурмандзе Кемалрэ КъБР-м ухуэныгъэмкIэ, псэуплIэ-коммунальнэ, гъэзэг хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гъэсашэ Жамболэтрэ.**



АБЫХЭМ мы Iуэхущ Iапl эм проект лэжьыгъэхэр къызэрыщызэгъэпэщар, икIэщIыпIэкIэ зэфIагъэ-кIын хуейуэ къэна Iуэхухэр къапщытац.

Дызэрыщыгуязэщи, Бахъсэн къалэм куэд мыщIэуэ сом мелуан 85-рэ къыщихьэхуац къалэ мыинхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуа проектхэм я урысейпсо зэпеуэм.

ХьэщIэхэм ягу ирихьац Бахъсэндэсхэм а ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр, паркым зегъэужьыным и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэхэр къызэрызэгъэпэщар.

**БАЛЪКЪЭЗ Iэминэ.**

# Нобэрэ пщэдейрэ

**Шыщхьэ уIум и 15, *махуэку***

**♦Урысейм и Археологым и махуэщ**

**♦Къхуэхьлъатэ зэпкърызылъхьэм и махуэщ**

**♦Тыва Республикэм и махуэщ**

**♦Индием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

**♦1498 гъэм** Италием щыщ хыдзэIл-къэхутакIуэ Колумб Христофор зекIуэ екьуэу къызэдикIухьым Гренадэ хытIыгур къигъуэтац.

**♦1723 гъэм** урысей императорэм гъэмахуэр щагъэкIуэну я унэ лъапсэр Петергоф къыщызэIуахац.

**♦1795 гъэм** Франджым валютэщIэ - франкыр - щызекIуэ хуеижьац.

**♦1877 гъэм** кьэхутакIуэ Эдисон Томас япэ дыдэу къыхилъхьац телефонкIэ псэлъам трубкэр къытезыхам «Алло!» жиIэу зыхуигъэзэныр.

**♦1914 гъэм** Панамэ псыдэжьпIэм япэ къхуэхьыр дэкIац.

**♦1945 гъэм** маршал Жуков Георгий «ТекIуэныгъэ» орденыр етIуанэу ираташ.

**♦1956 гъэм** СССР-м щату хуэежьац Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр (Сталиным и цIэр зезыхьэу щытам и пIэкIэ).

**♦1992 гъэм** Азербайджаныр валютэщIэм - манатым - хуэкIуац.

♦Франджы дзэзешэ, а къэралым и императору щыта **Бонапарт Наполеон** къызэралъхурэ илъэси 250-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, джэгуакIуэ **Теувэк Дзыгъуэ** къызэралъхурэ илъэси 164-рэ ирокъу.

♦Шэрджэсым и япэ егъэджакIуэ, ГуащIэдэкI Бэракъ Пльыжь орденыр зыхуагъэфэща **Уэхутэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, офицер **КIыщокъуэ Рашид** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Фильм куэдым макъамэ яхуэзытха композитор цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист, УФ-м гъуэгуанэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Таривердиев Микаэл** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦СурэтыщI, КъБР-м гъуэгуанэкIэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щхьэцэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦СурэтыщI-график, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Горлов Михаил** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦ХьэрычэтыщIэ, «Чесико» фирмэм (Iнаглийскэ) и унафэщI **Шэрджэс Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщыIтынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 31-рэ, жэщым градус 17 – 18 щыхъунущ.

**Шыщхьэ уIум и 16, *мэрем***

**♦Астронавтикэм и дунейпсо академиер къыщызэрагъэпэща махуэщ.** Швециием и къалащхьэ Стокгольм 1960 гъэм шыщхьэ уIум и 16-м щызэхэтац XI дунейпсо Астронавтикэ конгресс. Абы унафэ къыщащтауэ щытац а Iуэхущ Iапl эр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

**♦Фошыгу хэлъу гъэва мамкъутым и махуэщ**

**♦1896 гъэм** Клондайк (Канадэ) щIыпIэм дыщэ куэду зэрыщIэлъыр къахутац. Ар къыщIахыу кьулей ирихьун мурадыр ягъэкIуэну щытауэ ковъ-хошыж тхыдэм. А щIыпIэм нэсу дыщэ къэзыгъэтар мичиплI хуэдиз къудейц. Адрейхэм къагъэзэжац е гъуэгум щылIац.

**♦1930 гъэм** Дисней Уолт и студием (США) дунейм щыяпэу щытрахац макъи зыщIэт, щхьэхуэкIэплъыкIуэи яла мультфильмыр.

**♦1934 гъэм** Москва къыщызэIуахац СССР-м и ТхакIуэхэм я япэ съездыр.

**♦1939 гъэм** «Кабардинка» ансамблым концертхэр КъуэкIыпIэ Жыжьэм тын щыщIидзац.

**♦1941 гъэм** СССР-м Iэщэкъ ЗэщIэуэзда и Къарухэм я командование нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ къыдигъэкIац советыдзэм къулыкъу щызыщIэхэм бийм езыхэми гъэру зратыну, я Iэщэри Iэрагъэхьэну Iэмал зэримылэм теухуа унафэр.

**♦1956 гъэм** СССР-м унафэ къыщыдэкIац щIыщIэхэр вэным, абыхэм псы зэрыщIагъэлъадэ кIэнаеуэхэр щыукъуэдиным теухуа унафэр.

**♦1960 гъэм** Кипрыр къэралыгъуэ щхьэхуэ – Кипр Республикэ - зэрыхъуар хэIущIыIу ищIац.

**♦1960 гъэм** Налшык къыщызэIуахац изобразительнэ гъэразджэкIэ музей. Абы республикэм щыщIэрыIуэу щыта сурэтыщI, егъэджакIуэ Ткаченко А. Л. и цIэр зэрехьэ иджыпсту.

**♦1965 гъэм** Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъхэр хъумэнымкIэ и зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщац.

**♦1976 гъэм** кьару игъэтац псантхэм егуэныкIэ хъуну веществохэр къызэрагъэсэбэп щыкIэм кIэлъыплъыным хуэгъэзза Конвенцэм.

♦Адыгэ тхакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КIэрашэ Тембот** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цIыхубэ артист **Тхьэбысым Умар** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Франджым щыщ киноактёр цIэрыIуэ **Ришар Пьер** (и цIэ дыдэр - **Пьер Ришар Морис Шарль Леопольд Дефей** жиIэщ) и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет хужеист, СССР-м спортымкIэ щыщIэ зиIэ и мастер, Олимп чемпион тIэунейрэ хъуа **Цыганков Геннадий** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Дуней псом и кинорежиссёр нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ, зи лэжьыгъэхэм папщIэ саугъэт куэд дыдэ зыхуагъэфэща **Кэмерон Джеймс** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ уэрэджыIакIуэ, актрисэ цIэрыIуэ **Мадоннэ Чикконе** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 32-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№97 (23.911) ● 2019 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 15, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




**2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ**

**● Егъэджэныгъэ**

# Къуажэ еджапIэхэм къыщызэIуахынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ еджапIэхэр я лъабжьэу къызэрагъэпэщынущ «Технология», «Информатика», «Основы жизнедеятельности» унэтIныгъэхэр зиIэ «Зыужьныгъэм и къежьапIэ» центр 27-рэ.**

А ПРОЕКТЫМ ипкъ иткIэ щIыналъэхэм я егъэджэныгъэ Iэхущ Iапl эхэм яIэрыхьэнущ 3D-Iэмэпсымэхэр, квадрокоптерхэр, шахматхэм зэрыхуагъасэ комплект-хэр, интерактив комплексхэр.

Технологие лъагэр зи лъабжьэ Iэмалхэр къэгъэсэбэныр щIэгъэкъуэнышхуэ хэунущ бжыгъэ, гуманитар унэтIныныгъэхэмкIэ предметхэм еджакIуэхэр нэхъ хэгъуэзэнымкIэ, 3D-Iэмэпсымэхэр, компьютеркIэ итхъэныр, бжыгъэ технологиехэр кьадэIэпыкъунущ зыубгъуауэ икIи куууэ гупсысэнымкIэ.

«Зыужьныгъэм и кьежьапIэ» лэжьыгъэм хэтыну егъэджакIуэхэр иджыпсту абы хуагъасэ.

Центрхэр къызэIухыныр ирагъэкIуэкI «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэу Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Унафэм тету. Урысейм ЩIэныгъэ егъэзыгъэныкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрри хигъэхьац программэщIэр щагъэунэхуну яубзыхуа щIыпIэхэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.***

**● Хъыбар гуапэ**

# Аланрэ Сабинэрэ «Артек»-м макIуэ

**2019 гъэр ди къэралым щагъэуващ Театрым и илъэсу. Абы екьэлIауэ къызэрагъэпэща урысейпсо Iуэхугъуэхэм ящыщщ сурэтхэмрэ театр рецензиехэмрэ щагъэлъэгъуа «Театрымрэ сабийхэмрэ-2019» къэралпсо зэпеуэр. Абы и къэлэн нэхъыщхьэр къыщIэхъуэ щIэблэр театрым и тхыдэ къулейм. Ди лъэпкъ щэнхабзэ щIэним щыгъуазэ щIынырщ, театр гъуэзджэм цIыхухэр нэхъри дегъэхьэхынырщ.**

ІЫХЬИТIУ зэщхьэщыхауэ екIуэкIа зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр зэфIэкIац. Абы къэрикIуахэм иджыблагъэ хэпльэжац къэпщытакIуэ гуп хэхар, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зи пашэр. Абыхэм наIуэ зэращIамкIэ, зэпеуэм хэта псомэ я нэхъыфIу къалъытац Дыджэ Аланрэ Афэщ Iагъуэ Сабинэрэ зэхьэзэхуэм и утыку ирахьа я лэжьыгъэхэр. Къулъкъужьи Ищхьэрэ къуажэм сабийхэр гъуэзджэм щыхуагъасэу дэт школым, Къьып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэм, и гъэсэн Дыджэ Алан щытекIуац «Театрым теухуа сурэт» унэтIныныгъэм. ХьэтIохъущыкъуей жьылэм КIурашин ТIэхьир и цIэр зэрихьэу дэт курыт школ №91-м и еджакIуэ Афэщ Iагъуэ Сабинэ и лэжьыгъэр щигъэлъэгъуар «Театрым дытотхьых» унэтIныныгъэрати, абы и сочиненэр къэпщытакIуэхэм нэхъыфI дыдэу къалъытащ.

Аланрэ Сабинэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу хэтыныгъэ урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм. Ахэр щыIэнущ Къырымым щылажьэ «Артек» дунейпсо сабий центрым, абы къыщызэрагъэпэщыну театр сменэм хэту.

Ди республикэм щыщ ныбжьыщIэхэм дохъуэху зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэфIымкIэ. Ди щIыналъэр цIэрыIуэ зыщIын текIуэныгъэ куэд дяпэкIи зыIэрагъэхьэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

**● ХъыбарегъащIэ**

## Кином и жэщ-2019

Иджы еплIанэу мы гъэмахуэм екIуэкIынущ «Кином и жэщ» федеральнэ лэжьыгъэр. Ар къызэрагъэпэщыну я мурадщ шыщхьэуIум и 24-м (щэбэтым).

Мы жэрдэмым хиубыдэу цIыхухэм ирагъэлъагъунущ кино еплъхэм я урысейпсо IэIэтым щытекIуа «Балканский рубеж», «Домовой», «Полицейский с Рублёвки» фильмхэр.

Сыхьэт 20-м щегъэжьауэ а фильмхэр щагъэлъэгъуэнущ Налшык щыIэ «Форум» (ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрам, 28), «Крутозор» (Толстоим и уэрам, 182) кинотеатрхэм, Театр ЩхьэантIэм.

Сеансхэр пщIэншэщ.

**● Гу зылъытапхъэ**

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъэжьIэ цIыхухэр здэсэлъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

**Гъусэ ямыщIынум блэкIрэ пэт йоджэ.**

● Къурмэн махуэшхуэм

# Хьэтуей жылэм и щапхъэ

**Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей жылэм Іэтауэ щагъэлъэпІащ Къурмэн хьид махуэр. Абы иращІэкІа тхьэлъэІур къыззрагъэпэщащ къуажэ жэмыхьэтымрэ администрацэм и унафэщІымрэ.**

КЪУАЖЭР зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу, кІыхьалъхьэ Іуэхур зэкъуэту зэрыраГъэкІуэкІым и щыхьэту нэхъыжьи нэхъыщІи жьыуэ щызэхуэсат тхьэлъэІур щрагъэкІуэкІыну щІыпІэм. Дэтхэнэми кьалэн зырыз иІэти, псори хущІэкъурт нэгъэсауэ я пщэрылъыр зэрызэфІагъэкІыным. Ислъам диным и хабзэм тету а щІыпІэм хьид нэмэзри щащІащ.

ФІэхъус ярихри, къызэхуэсахэм хъуэхъукІэ захуигъэзащ къуажэ администрацэм и унафэщІ **Дзыхьмыщ Анзор**.

- Къурмэн хьид махуэ лъапІэмкІэ псоми сыныбжьыуэхъу. Абы и фІыгъуэр фи щхьэкІэ, фи унагъуэкІэ кьыфІмысыну си гуапэщ, - жиІащ Дзыхьмыщым. - Нобэрей гуфІэгъуэр кьыддэзыІыгъыну кьриикъэІа псоми фІыщІэ фхуэощІ. Іуэхум мыльку кІэ къыхьыхьахэми ар егъэкІуэкІыным зи гуащІэрэ зи кьарурэ хэзылъхьахэми псапэу Тхьэм кьывитыж. Жылэ узынщэм и лъабжьэр зэгурыІуэращи, а фІыгъуэр ди къуажэм зэрыдэлъыр нобэ иджыри зэ къэдгъэлъэгъуащ. Дызэкъуэту, дызэдэгушхуэу, дызэдэгуфІэу муслъымэнхэм я махуэ лъапІэр идогъэкІуэкІ. Щапхъэ тхуэхъу ди нэхъыжьыфІэр тхуэузынщэу, щІэблэм я ехьулІэныгъэхэм ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъуэку, республикэ псом Хьэтуейм и цІэр фІыкІэ кьыщралуэрэ щапхъэ зытрах жылэ махуэ дыхъуну Тхьэм жиІэ!

Кьуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **БетІрожь Ибрэхьим** зэхыхьэм цІыхушхуэ кьызэрекІуэлІар гуапэ зэрыщыхъуар кьыжигъэщІи, тхьэлъэІур махуэ хъуну, етІанэгъэ пІалъэ узынщэу техьэну, гуфІэгъуэ ІуэхукІэ иджыри зэхуэс куэд иІэну хъуэхъуащ.

Лэскэн районым и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Молэмусэ Хьэсетэ** япэщІыкІэ район унафэщІхэм кьабгъэдэкІ хъуэхъур кьалъигъэІэсыжри, адэкІэ езым и псалъэхэм кьыпищащ:

- Кьуажэ куэдым яхуэзфІэкІакъым нобэрей махуэм гуфІэгъуэ зэхыхьэшхэ иращІэкІыну. ЦІыкІури инри ягъэгушхуэу тхьэлъэІур кьефхьэжьащи, абы хъер Тхьэм кьыфхуигъэкІуэ. Унафэ зыдэлъ, ар зэхуэдэу псоми щагъэзащІэ къуажэ зэпэщу фопсэури, нэхъыфІыж фыхъуну, екъуІэныгъэщІэхэр фиІэну сныныбжьуэхъу.

ЩІэщыгъуэу икІи нэгузыжьу екІуэкІащ махуэр. ТхьэлъэІум кьекІуэлІахэм адыгэ шхыныгъуэхэр зытет Іэнэхэр кьыхуауэздащ. Сабийжэм я нэгу зрагъэужьащ таурыхъ «ЛІыхъужьхэм», джэгукІэ зэхуэмыдэхэм хэтащ, пщІэншэу Іэфынкі, пхъэщхьэмащщхэ, псы зэмылІэужьыгъуэхэр иратащ.

ЩІалэгъуалэм жыджэру зыкъыщагъэлъэгъуащ зэхьэзэхуэхэм. Абыхэм я зэфІэкІ щызэхагъэкІащ мывэ, ентІыр дзынхэм, кІапсэкІэ зэпекъуным. Зэпеуэхэм щытекІуэхэр саугъэтэхмкІэ ягъэпэжащ. Апхуэдэу мывэ, ентІыр дзынхэм япэ увыпІэр щызыубыдахэу БетІрожь Альбертрэ Бесчокъуэ Рэмэзанрэ кьамэ зырыз тыгъэ хуащІащ. КІапсэ зэпекъуным Бесчокъуэ Кьантемыр и гупым бжьыпэр щызыІэритэхьащ. Абыхэм сауГъэту мэл иратащ.

Зэхьихьэм и кІэухым ар къызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ яхуищІу къэпсэльащ къуажэм и нэхъыжьыфІ **Бесчокъуэ Далым**.

- Жылэр фІыкІэ зэхуэзэшІэ сыт хуэдэ Іуэхури гур хэзыгъаХъуэщ, - жиІащ абы. - ГуфІэгъуэкІэ куэдрэ Тхьэм дызэхигъэхьэ. Нэхъыжьхэм ди пщІэр фІэтащ, нэхъыщІэхэр вгъэгушхуащи, тхьэлъэІур кьыззэзыгъэпэщахэм жэрдэм фщІыр къывэхъулІэу, фи фІыр фхуэбагъуэу фыпсэуну Тхьэм жиІэ!

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ**.

# Сытым дежи щІэщыгъуэщ тхылъ еджэ цІыхур

**Къэбэрдей лъэсырызекІуэ уэрамым шыщхьэуІум и 11-м щекІуэкІащ «HomoLectis. Тхылъ еджэ цІыху» зи фІэщыгъэ фестиваль. Ар къызэрагъэпэщащ Тхылъ сагъэт щІыным и махуэм ирихьэлІэу.**

АБЫ КЪРИХЬэПІАХЭР хэтащ мастер-классхэм, лекцэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Апхуэдэу хьэщІэхэм я гукъыдэжыр къалэтащ литературэ-макъамэ программэ гъэщІэгъуэнкІэ. ЦІыхухэм эджэ я тхылъхэр къызэдахьри, зэхьихьэм кьрихьэлІахэм ирахьэжащ.

- Мыпхуэдэ фестиваль иджы илъэс ещанэ хъуауэ идогъэкІуэкІ. ЩІыналъэм щыпсэу Іэпщлъапщлъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэрагъэпэщу, усакІуэ, музыкант ныбжьыщІэхэм щалъщІэу щыта фестивалым мы гъэм, нэхъ щІэщыгъуэу къэтлъытэри, хэдгъэхьащ лекцэхэмрэ йогэмрэ, - жаІэ зэхьихьэм и жэрдэмщІакІуэхэм. - Зым и дежкІи щхъукъым Налшык хуэдэ кьалэ цІыкІуэхэр куэдым зэшыгъуэу къызэраль ыгъэр. Абы кьыхэкІыу, щІыпІэр зыгъэдахэр, ар щІэщыгъуэ зыщІыр абы щыпсэу цІыхухэр арауэ зэрыщытыр наІуэ ищынырщ фестивалым и кьаІэн нэхъыщхьэр. Налшык щыпсэу дэтхэнэ зыми и гъащІэр хуэгъэщІэрэщІэнущ, и Іэр зэтедзауэ щымыс къудеймэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ Жылагъуэм кьыхилъхьэ гукъэкІхэм я «Кавказ Ищхьэрэ» щІынальэ зэхуаку центрым и унафэщІ Магомедовэ Залму. Ар тепсэлъыхьащ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм щІыгъбэм я дзыхь зэрырагъэзыж ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІа кьэхутэныгъэм кьрикІуагъэ. Кьыхэдгъэщынщи, ар ирагъэкІуэкІащ «Медиатор» проектым хьыхьу, Президентым и грантхэм я фондыр и щІэгъэкъуэну.

- Ди къэхутэныгъэхэм кьагъэлъагъуэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыпсэухэм соцсетхэмрэ мессенджерхэмрэ зэман куэд зэрытрагъэкІуадэр - ахэращ иджыпсту хъыбарыщІэр нэхъ псынщІэу кьыззрыпхуэщІэ Іэмалхэр. Абы щыгъуэми, кьэралым игъэлажьэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэрщ - телевиденэмрэ газет-журналхэмрэщ - дзыхь нэхъ зыхуащІыр, властымрэ кьэрал къулыкъущІапІэхэмрэ я ІуэхущІафэхэр нэхъыфІу кьэзыгъэлъагъуэу кьалъытэр. Абы къегъэув СМИ-р цифровой хъун хуейуэ, кьыдэкІыгъуэхэр компьютерхэм кьыщагъэтыфу щытынкІэ Іэмал зимыІэу, - жиІащ Магомедовэм.

Фестивалыр кьызэрагъэпэщащ Тхылъыр фІыуэ зыльагъуэхэм я Кьэбэрдей-Балъкъэр зэгухьэныгъэмрэ «Буква» журналымрэ, Налшык кьалэ администрацэм Щэнхабзэмкі и управленэр я щІэгъэкъуэну.

«HomoLectis. Тхылъ еджэ цІыху» фестивалым ехьэлІа хъыбархэмкІэ жэуап зыхьу щытар Жылагъуэм кьыхилъхьэ гукъэкІхэм я «Кавказ Ищхьэрэ» щІынальэ зэхуаку центрырщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

● Іуащхьэмахуэ щІынальэ

## Бгылъэ гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

**Іуащхьэмахуэ лъапэ екІуалІэ федеральнэ гъуэгур зыхуей хуагъаз. Зы илъэсым кьриубыдэу транспорт мин 500-м нэблагъэ щызэблэкІ мы щІыпІэм гъуэгу хозяйствэм и лэжьакІуэхэм я нэІэ лейуэ темыту хьуркъым.**

КЪАПЩТЭМЭ, гъэмахуэр кІуэху гъуэгум игъуэта кумбльэмбхэр ягъэкъабзэурэ гъэ кІэс асфальтыр пщІэ сэкъат зыгъуэта бетон къэухьхэр, гъуэгу дамыгъэхэр щахъуэж, зэпрыкІыпІэхэр нэхъ Іупщу кьыхагъащ.

Лэжьыгъэ щхьэхуэхэр щызэфІагъэхьынуц зыплъыхьыпІэ щІыпІэхэм унэсыху узрихьэлІэ транспорт къэувыІэпІэхэми, гъэувыпІэхэми. Іуэхум пэрыт ухуакІуэ бригадзхэр кьуршылъэ щІыпІэхэм щылэжьэным хуэщІа техникэфІхэмкІэ къызэгъэпэщащ. Лэжьыгъэ псори зэман кІэщІым кьриубыдэу зэфІагъэкІынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**


Будущее Кабардино-Балкарии

Здесь и сейчас!

Мы №1

гражданская ПЛАТФОРМА +Я

Будь с «Гражданской Платформой»!

праваяпартия.рф

7 Главных тезисов предвыборной программы Партии "Гражданская Платформа"

1. СВОБОДА ПРЕДПРИНИМАТЕЛЬСТВА – ЭНЕРГИЯ РАЗВИТИЯ
2. НОВОЕ КАЧЕСТВО ЖИЗНИ В ГОРОДАХ И НА СЕЛЕ
3. ОБРАЗОВАНИЕ, КУЛЬТУРА, ЗДРАВООХРАНЕНИЕ – ФУНДАМЕНТ ЛИЧНОСТНОГО И ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО РОСТА ЛЮДЕЙ
4. ВЛАСТЬ В ИНТЕРЕСАХ СТРАНЫ
5. НОВАЯ ИНДУСТРИАЛИЗАЦИЯ – ЕДИНСТВЕННЫЙ ПУТЬ К ПРОЦВЕТАНИЮ СТРАНЫ
6. РОССИЯ ДОЛЖНА СНОВА СТАТЬ МИРОВЫМ ЦЕНТРОМ
7. РУБЛЬ – ГЛАВНЫЙ СТИМУЛ ДЛЯ ЭКОНОМИЧЕСКОГО РОСТА

гражданская ПЛАТФОРМА +Я

Будь с «Гражданской Платформой»!

праваяпартия.рф

Ирагъэкіуэкіа пхъэидзэм икъ иткіэ, пщІэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.


● Банк Іуэхуэр

## Къэрал дэІэпыкъуныгъэ ират

**Егъэджэныгъэм кредит хухэхьыным къэрал дэІэпыкъуныгъэ ирагъэгъуэтын папщІэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ Хьэмэпіэ банкымрэ.**

УРЫСЕЙМ щыщІадзащ цІыхухэм щІэныгъэ зрагъэгъуэтын папщІэ кредит яхуэхьыным къэрал дэІэпыкъуныгъэ етыным ехьэлІауэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ «Хьэмэпіэ банк» ПАО-мрэ зэгъусэу къыздэщта проектыр гъэзэщІэныр.

«ЗэращылІа зэгурыІуэныгъэм икъ иткІэ, 2019 гъэм шыщхьэуІум и 1-м щыщІэдзауэ, егъэджэныгъэ ирагъэкІуэкІыну хуиту лицензэ зиІэ вузхэм я студентхэм щІэныгъэ кредит кьыІахэн папщІэ льготэ пІэхъэнэ хуагъэувынущ, щеджэ зэманымрэ ар къаухэ иужькІэ мазищи дыщІагъужу. Кредит къеІызыхам льготэ щиІэ лъэхъэнэм кьриубыдэу банкым иритыжынукъым щІэныгъэ кредитым и щІыхуэ нэхъыщхьэри ар къыщигъэсэбэпа зэманым и япэ, етІуанэ илъэсхэм техуэ процентхэм я Іыхьэри. Абы щыгъуэми, ещанэ илъэсым щегъэжьауэ, кьанэ щымыІэу япшынынынущ екІуэкІ лъэхъэнэм кьытехуэ процентхэр. Иджыпсту щыІэ ставкэхэмкІэ студентхэм кьыІах щІыхуэм проценти 9 нэхъыбэ илъэсым техьэнукъым», - къыджиІащ Урысейм и Хьэмапіэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ **Урысбий Хьэмидбий**.

Студентым кредитыр къыІих хъунущ щеджэ зэманым (льготэ щиІэ лъэхъэнэщ) иджыри мази 120-рэ щІымыгъэгъу пІалъэкІэ.

Банкым щыхуэ къеІызыхым хуигъэув мардэхэм я нэхъыщхьэр икІи фІэкІыпІэнщэр щІэныгъэ кредит къащтэн папщІэ пщэрылъ зыщищІыжа (поручитель) кьалэн имыІэнырщ.

ЩІэныгъэ кредитыр кьыщепІых хъунущ «Хьэмапіэ банк» ПАО-м и кьудамэ псоми.

Нэхъ зыубгъуауэ Іэхум зыщыбгъэгъуэзэсфынущ www.sberbank.ru сайтым.

Фщ1эн папщ1э: «Щ1эныгъэ кредитым къэрал дэІэпыкъуныгъэ етыныжмкІэ хабзэхэр кьэщтэным и Іэхуэкі» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2018 гъэм мазаем и 26-м кьыдигъэкІа Унафэ №197-м щыгъэуващ щІэныгъэ кредитыр кьыщагъэсэбэп я пІэ илъэсым кьытехуэм и процент 60-м мынэхъ мащІэмрэ етІуанэ илъэсым и процент 40-м мынэхъ мащІэмрэ льготэхэр хуагъэувыну.

**ХЬэТАУ Ислъам.**

● КъБР-м и прокуратурэм

## Я хуитыныгъэхэр къызэпаудырт

**Налшык транспорт прокуратурэм 2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьипщытащ «Аэрокомплекс» ООО-м лэжьыгъэ законодательствэр зэрыщагъэзащІэр. Абы сэтей къыщІащ Іуэхущ1апІэм улахуэзэр и чэзум зэрыщамытыр.**

НАІУЭУ зэрыщытщи, УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым и 136-нэ статьям щыубзыхащ улахуэзэр махуэ 15 кьэс зэ ятын хуейуэ. Ахэр цІыхухэм щалэрыхьэну зэманыр лъэныкъуэхэм зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм кьыщыгъэлъэгъащ.

Аршхьэкіэ, зи гугъу тщІы къэпщытэныгъэ щригъэкІуэкІым, прокуратурэм кьыщигъэщащ Налшык кьалэ и кхъухьлъатэ къэтІысыпІэм (аэропортым) щылажьэ «Аэрокомплекс» ООО-м и Іутхэм мэхъуауэгъуэм хуэзэ я улахуэзэр и чэзум зэрыщрамытар.

Транспорт прокуратурэм Іэхущ1апІэм и унафэщІым хуигъэлъэгъуащ а ныкъуСаныгъэхэри ахэр кьыхьэхкІа щхьэусыгъуэхэри игъэкІуэдыжыну.

Ипэ1уэкІэ, транспорт прокурорым и фІыгъэкІэ, а Іэхущ1апІэм ипшынЬжат 2019 гъэм и накъыгъэ мазэм улахуэкІэ къытехуа сом мелуани 4-м щигъу и щІыхуэр.

**МАРГЪУЩ Эсенэ.**

# Нэхъри мыбагъуэ щІыкІэ

● ФщІэн папщІэ

**КъБР-м и «Россельхознадзор» Іэнатіэм ирегъэкІуэкІ «американ хьэндырабгъуэ хужьым пэщІэтыным теухуа къэпщытэныгъэхэр».**

ШЫЩХЬЭУІУ мазэр хьэндырабгъуэм и етІуанэ къишыгъуэ зэманщ. Иджыпсту щыщІэдзауэ хьэпІацІэ цІынэхэр тутейхэм, къыпщІейхэм къатотІысхьэ. Къапщтэмэ, мыбыхэм мыхьэмыщх лъэпкъ яІэкъым - хадзэкІ, къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэу 250-м полъэщ. ФокІадэр икІыху Іэщ1агъэлІхэм ди республикэм и мэкъумэш Іэхущ1апІэхэр къызэхакІухьынущ, ящІапхъэм теухуауэ чэнджащ иратын папщІэ. Иужьрей илъэсхэм ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым хьэндырабгъуэр эдынэса щІыпІэу гектар мин 14-м щІигъу иІэщ. Илъэс зыбгъупщІ ипэкІэ щыІа щытыкІэм ар еплъытмэ, хуэди 9 - 10-кІэ нэхъыбэ ящтащ. Илъэсым хуэзэу тІэуней краш хьэпІацІэр гъэкІуэдыным теухуа лэжьыгъэхэр уэс къемыс щІыкІэ СХПК-хэми уней Іуэхущ1апІэхэми нэсу къыщрахьэлІэн хуейуэ хуагъэуващ, абы емыгугъуэм етхьэхъунущ. Іэщ1агъэлІхэм ечэнджэщыну закъыхуэзыгъазэкІэ гурагъэІуэнущ мы зэманым ящІапхъэр.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

Къаныкъуэ Анфисэ

# Мэуэтхэр

## Тхыдэ роман

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№ 94, 96-хэм итщ).*

Дыгъэ зыIэтыгъуэу пшэплъыр къыщызэкIэщIитхъым къуэкIыпIэмкIэ шы лъэ макъышхуэ къыщыIуащ. Къыпщыхъурт тенджызым щIыхьей къыщыхъуауэ, псы Iуфэр дэгызу. Адэмей и сэмэгурабгъумкIэ щеплъэкIым, къыгурыIуащ КIэбгъулъ щепсыха нэжьгъущIыдзэр къызэрысар. Дыгъэм плъыжьу ириIа уафэ джабэмкIэ къеха жьыхъарзу* къызэрыхьырт нэрыбгей зэщIэуэзэдахэр. Дэрдэней зауэлIхэр я пIэм ижыхьауэ, захуэгъэхъеижыртэкъым, я Iэ къэблэгъа тхьэIухудхэм къызэрыхуаIэтынур я щхьэ яхуимыгъэзагъэу. Алыджыкъуэхэм зыкъащIэжу, шабзэхэмрэ джатэхэмкIэ пхъуэхукIэ, гъущI шхуэпэбг зыжьэхэлъ шы лъэдий псыгъуэ лъэпкъыфIхэр къахэлъадэри, дэрдэнеидзэм и япэ IущIэр шыбгъэгукIэ ирахащ нэрыбгейхэм. КIэбгъулъ мэзым къызэрыщIэха нэжьгъущIыдзэм къыхалъхьа хьэлэчым къелар мащIэщ...

Шы бгъэгур зылъэмыIэсахэм я пщэр зэщIэгъэхуарэ лъыкъуалэр яутхыу, я Iэ-я лъэхэр япымытыжу, я щхьэкъупщхьэхэр «нэхущ вагъуэм»* иущыкъуеярэ я ныбэр зэгуэпхъауэ... Iуплъэгъуейт нэрыбгейхэм къызэранэкIа зауэ губгъуэм.

Дэрдэнейхэм зыкъащIэжу, нэрыбгейхэм псыхъуэм щызэтралъхьа хьэдэ къомыр Iуахыжыху зэчэнджэщыну, унафэ ящIыну зэхыхьащ мэуэтыдзэм и унафэщIхэр.

- Афэрым! Хъарзынэу дыпежьащ бидзэм, - зэхэуэм и япэ махуэм къигъэлъэгъуамкIэ арэзыуэ и щхьэр ищIащ гуащэм. - Иджы къухьэпIэмкIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къэсыху зыдмыIыгъыу хъунукъым!

- Дэтхэнэ зыми ди гъащIэр хэкум щхьэузыхь хуэтщIынущ, гуащэ. Дзэпщ лъэщкIэ Тэтэртуп* къытхуэупсащ. Ауэ дыхуэныкъуэщ мэуэтыдзэм япэ иту, тригъэгушхуэу зауэм зышэн гъуазэ. Дэнэ щыIэ Тыуар?! Ди пщыр зэрыбзэхам къищынэмыщIа, и хъыбар зыри тщIэркъым. Апхуэдэу хъунукъым! - пэшым и кIэмкIэ зыгуэр къыщыпсэлъащ.

- Пэжщ, пэжщ. Дэнэ щыIэ ди пщыр? ЛIами псэуми дыщыгъуазэкъым, лъэпкъыр дыкъызэхинэу зыщIигъэбзэхам и щхьэусыгъуэри тщIэркъым. Ди пщыр къызэрытхэмытыжыр дэрдэнейхэм къащIэмэ, къыттегушхуэнущ нэхъри. КъищынэмыщIауэ, дяпэкIэ къэсын хуейуэ дызыпэплъэ ди лъэпкъэгъухэм ар къащIэмэ, лIо къытхужаIэнур? Щындхэм заубгъуну щIохъуэпсри, я унафэм дыщIагъэувэну яужь ихьэнущ, дэ унафэщI къызэрытхэмытыжыр къагъэсэбэпу. Уеблэмэ зэгурыIуэныгъэ къуащIылIэну яужь ихьэнущ: е фыкъыдгуохьэри, дывдоIэпыкъу, е дыфхэмыIэбэу дэрдэнейхэм фахьэху жаIэу, - пищащ нэгъуэщI зыгуэрми.

- Тыуар и хъыбар ищIэу жиIэри, Удынэ къыпхуэкIуащ дыгъуасэ, Уэрыш и къуэр щIыгъуу. ЩIалэм зигъэбзэхами, мес плъыртетыр, девгъэупщI абы, - нэжьгъущIыдзэм и уэртету хаха Удынэрэ абы и дэIэпыкъуэгъу Жанрэ дежкIэ еплъэкIащ зылI.

Е ухуэмеймэ, фIы умыщIэ жыхуаIэракъэ... Сыт хащIыкIрэт абдеж щIэтхэм Удынэрэ Алэдамэрэ лъэпкъым хуалэжьам, мэуэтыпщыр ажал фIыцIэм къызэрыIэщIатхъам. Арами, дзыхь къыхуамыщIу Iэпэ къыхуаший. Удынэ апхуэдизкIэ къызэщIэнати, зэ уэгъуэкIэ хуфIэхынут апхуэдэу къеща́м и щхьэр. Ауэ, и Iуэху зытетыр ищIэжырти, зэгуэр къывгурыIуэнщ псори жыхуиIэу, хуэму и щхьэр игъэсыса мыхъумэ, зы псалъи къыфIигъэкIакъым.

- Хуит сыкъэщIи, и бзэгур къизгъэгъэж мо адакъэм! - щэху дыдэу мэхъуцацэ Жан, и ныбжьэгъу лъагэм зыхудришейуэрэ.

- Абы и ажалри зыщIыпIэ щыхэлъщ, и гугъу умыщI. Зыгуэр къыджьэдашынуращи - дыбзагуэщ! Хэкум епцIыжауэ бзэгузехьэ дапщэ мы пэшым щIэтми дыщыгъуазэкъым, - пидзыжащ абы Удынэ, зыкъригъэзыхри.

Абдеж уэртетхэр къызэщIэващ, щхьэж и Iуэху еплъыкIэр псоми ящIэн хуейуэ къащыхъужу.

- Пэжщ жаIэр! Мыбдеж дыщIэмыкIыу, иджыпсту хэдвгъэх пщыр. Хэт илъэгъуа лъэпкъым гъуазэ имыIэу? Зы унафэ дыщIэмыту дауэ? Ди пщыр лIауэ тщIатэмэ, хабзэм тету, дыхуэщыгъуэху и пIэр нэщIынт. Хъыбар щыIэхэкъыми, гъуазэр иджыпсту хэтхыным емыкIу пылъкъым, - нэхъри къызэщIэплъэрт цIыхухэр.

- Хуэму! - и макъым зригъэIэтащ Адэмей, и шыпхъум жиIэну зыхуейр жрамыгъэIэу псалъэмакъым зыщиужьым.

- Япэрауэ, Тыуар псэущ, здэщыIэри сощIэ. Абы шэч къытевмыхьэ. Псатхьэм къытхуищIэмэ, мыгувэу къытхыхьэжынущ узыншэу. ЕтIуанэрауэ, къумал къытхэтщ, ари быдэу сощIэ, - зыкъиIэтри, и пащхьэ ит зауэлIхэм ябгъэдэкIуэтащ НэтIасэ.

Гуащэм и нэщхъыр зэхэлъу уэртетхэм яхэплъащ, и псалъэр зэпигъэури. Дэтхэнэми и кIуэцIыкIыщIэм иплъэу, щхьэж и гум илъыр къищIэну хуейм ещхьт. ЗэпIэзэрыту яцIыхуа гуащэм зыкъызэкъуихауэ, зилъ зыщIэжыну пIэцIеижым хуэдэт.

- Ар дауэ хъунт, гуащэ, дэ къумал къытхэту? Хэкум, лъэпкъым, пщым епцIыжыну хэт тегушхуэн? - я фIэщ ящIыну хуейтэкъым уэртетхэм.

- КъыдэпцIыжащ-тIэ. Тыуар яукIынуи иужь итащ. Ауэ къехъулIакъым! Аращ къыщIэтыр, фщIэн папщIэ. Апхуэдэ телъыджэлажьэ хэт илэгъуа?! Апхуэдэ напэтех хэт зэхиха?! - нэхъри и макъым зригъэIэтащ НэтIасэ. - Дзыхь зыхуэпщIу уи гур зыхузэIупхъэращ къыпкIуэцIыпыджэжри. Дэнэ щыIэ Нэжан? Нэжан!

Пэшыр къигъэпсалъэу джащ гуащэр.

- СынодаIуэ, гуащэ! - уэртетхэм къахэувыкIри, щхьэщэ ищIащ къумалу зытраушыуэм.

- Хэт урикъуэ, Нэжан? - зи щхьэ ехьэхауэ щыт щхьэц хъурыфэм хуеплъэкIащ гуащэр.

- Сэ зеиншэу сыкъэхъуащ, гуащэ. Си адэ-анэр сцIыхужыркъым.

- Укъыщалъхуар дэнэ щIыпIэ? - зегъэпхъашэ НэтIасэ.

- Тэрэуэтхэм сащыщщ...

- Дыгъуасэрэ ныжэбэрэ къриубыдэу дэрдэней дапщэ букIагъэн? - хуэму бакъуэурэ Нэжан бгъэдэкIуэтэпащ гуащэр.

Пэшым щIэтхэр зэхъуцацэрт, зэплъыжырт. Абыхэм къагурыIуэртэкъым дзэзешэм и дэIэпыкъуэгъум НэтIасэ апхуэдэ упщIэхэр щIритыр, и щIыхьыр хиутэну яужь щIитыр. Къэхъур къызыгурыIуэр Удынэрэ Жанрэти, къумалым къилэжьа тезырыр щытралъхьэнур къахуэмыгъэсу кIэлъыплъырт къекIуэкIым.

Дзыхь хуамыщIын хуэдэу зэи зы щыуагъэ IэщIэкIатэкъым Нэжан. Адэмеи ищIэртэкъым и шыпхъум и щхьэм илъымрэ Iуэхур зыхуэкIуэмрэ, ауэ гуащэм пэрыуэу и щIыхьыр ириудых хъунутэкъыми, и щхьэр игъэкIэрэхъуа мыхъумэ, зы псалъэ къыфIигъэкIакъым.

- Ар сыткIэ сщIэн, гуащэ?! Сыбжакъым...

- Сэ бжесIэнщ биидзэм щыщу зауэлI дапщэ хэбукIыкIами! - Нэжан жиIэнур нримыгъэгъэсу къызэпиудащ ар гуащэм. - Зы закъуэми утехуакъым. Ауэ утехуащ нэхъыщхьэ дыдэм... Ди пщым!

НэтIасэ зытепсэлъыхьыр къагурымыIуэу, жиIар ягъэщIагъуэу зэплъыжащ уэртетхэр.

- Пэжщ! Пэжщ, мэуэтхэ! Дэрдэнеипщым тIасхъэщIэх къытхиутIыпщхьащ, гу лъыдмытэу. Нобэрей ныжэбэрей Iуэхукъым ар, къызэрызгурыIуэмкIэ. Илъэс бжыгъэ хъуауэ къытхэсщ. Хэт ищIэрэ Нэжан имызакъуэми! Дауи, зыми и щхьэр хуэкIуэнутэкъым, «сабий зеиншэ тхьэмыщкIэр» алыджыкъуэу. Илъэс дапщэ хъуа Ахей и бзэгузехьэу укъызэрытхэтрэ? ЖыIэ! - щэхуу, хэкъузауэ щIэупщIащ гуащэр, Нэжан и нэ фIыцIитIым щIэплъэу.

Нэжан и Iупэ пIащIэр зэтрикъузащ, и пэ псыгъуэр зэIыкIащ, зэрыгубжьам и щыхьэту.

- СыткIэ къэзлэжьа мы къызупэсыр, гуащэ? Мэуэтейм сепцIыжауэ сыт гурыщхъуэ уэзыгъэщIар? Хэт апхуэдэпцI уигу къэзыгъэкIар? - кърапэсар и гум ежэлIаифэ зытригъауэри, и нэIур зэхэзэрыхьащ Нэжан.

Абы и щхьэр игъэкIэрэхъуащ, зэхихыр игъэщIагъуэ, и фIэщ ищIыну хуэмей хуэдэ.

- ФIы дыдэу зэхуэбгъэхъуат псори: ди пщым и кIуэдыгъуэмрэ дэрдэнейхэм я къыттеуэгъуэмрэ зэтехуэу. ЗауэлI нэхъыфI дыдэхэр зэщIэпкъуэу, пщым и лъыхъуакIуэ фыкIуэ хуэдэурэ, мэзым кIуэцIрыпшыну ухуея хъунщ, ара?! Абдежи зы гуп къыщывэжьэ хъунт, ди дзэзешэр япэ иту, къызэтраукIэну. Абы хэту биидзэр къыттеуэнти, ди лъэр щIэхуат... Арыххэу мы псыхъуэжьым дытефлъэсыкIыну фи гугъауэ къыщIэкIынщ. Аракъэ? - и пащхьэ итыр зэрыфIэгущыкIыгъуэр игъэлъагъуэу, гуащэм и Iупэ кIапэхэр иришэхащ.

- НэтIасэ! - псалъэмакъым къыдэуащ Адэмей. - ЦIыхур бгъэкъуаншэ хъунукъым, щыхьэттехъуэ уимыIэу.

- Адэмей, къэщIэжыт щакIуэ фыщыдэкIа махуэр... ЦIыхуищ фIэкIа фымыхъуу фежьащ. Щхьэ хъумакIуэ фимыгъусарэ, псом япэрауэ?! Сыт «лъэужьыншэу» пщыр щIэкIуэдар? Дэнэ щыбзэхынкIэ хъунур Мэуэтейм и пщыр, зы шынагъуэ гуэр къыщымыщIамэ? Ар уи нэгу къыпхущIэгъэхьэрэ, пщыр бгъэкIуэдыну зеппщытыну? Хэкум зы цIыху искъым апхуэдэ напэншагъэм тегушхуэну. Пэжщ, нарт лъэпкъхэр дыщызэныкъуэкъу, дыщызэгурымыIуэ къэхъуми, лIыгъэ тхэлъщ. Нартым и нэгу къыпхуэгъэзауэ къыппэувынурэ и лIыгъэр здынэсыр къигъэлъэгъуэнущ, уи лIыгъэри игъэунэхунущ, напэтехыу уи щIыб сэ къихакIэ къыдэмыувэу, - къыщитхъащ НэтIасэ.

- Пэж ар? - пелуаныр бгъэдэкIуэтащ щхьэц хъурыфэм.

Адэмей апхуэдизкIэ къызэкIуэкIати, Iэ пцIанэкIэ зэфIитхъыфынут дзыхь хуищIу къыбгъурыта, ныбжьэгъуу ибжа щIалэр.

- Лъэпкъым хиута лIыр фызым еIэтыжри, фызым хиута лIыр лъэпкъ псоми хуэIэтыжынукъым жаIэ... Зэи схуэмыгъэкъэбзэжыну си напэр тепхащ, гуащэ! Сэ сызауэлIщ, сынартщ, си лъахэм сыхуэпэжу нобэм сыкъэсащ, - и щхьэр лъагэу иIэтри, гъэхуауэ жиIащ Нэжан.

- ПцIыщ! Зэрыщыту пцIыщ. Дыгъуасэ лъандэрэ цIыху ныпкIэлъызогъэплъ. Зы дэрдэней утехуакъым сыт хуэдиз шабзэшэ умыутIыпщами, - гуащэр кIуэри, щэныфIэу итIысхьэжащ дэшхуей шэнтIым.

Нэжан къамыумысыпами, гуащэм и иужьрей псалъэхэм пидзыжын жэуап зэримыIэм куэд къиIуатэрт.

- ЩIалэхэ! Хьэпсым ивдзэ мыр! - бжэм деж щыт хъумакIуэхэм захуигъазэу, и макъым къызэрихькIэ джащ Адэмей.

Нэжан зы псалъэ къыфIигъэкIакъым, и напIи хуэдакъым. Пэшым щIэтхэри щымт.

- Ахей къыхуигъэува къалэн нэхъыщхьэр имыгъэзэщIами, Тыуар зэрыпсэур Iэригъэхьэну хэтынущ, нимыгъэсыжакIэмэ. Зыми тщIэркъым абы гъусэ дапщэ иIэми, сыт хуэдэ къулыкъу зэрахьэу къытхэтми. КъищынэмыщIауэ, пщым и хэщIапIэр къатIэщIыну иужь ихьэнущ ахэр, - и шыпхъу-гуащэм хуеплъэкIащ Адэмей, губжьарэ, и пэм гъуэзыр кърихуу.

- БзаджащIэр хуит къытхуэщI закъуэ, Адэмей! Дэрдэнеипщым деж нихьэсари, дапщэ хъуми, я гум илъри къэдумысынщ, - алъандэрэ щыму псалъэмакъым кIэлъыплъа уэртетхэм ящыщ зы къэпсэлъащ.

- Зыри фыбгъэдыхьэнукъым! Сэ зесхуэнщ абы и Iуэху. ТIэкIу зывгъэпсэху, фи бын я щхьэфэ Iэ дэфлъи вгъэпщкIу, Iэфlу фышхэ... Зыми ищIэркъым Псатхьэм гущIэгъу къытхуищIынрэ ди адэжьхэм я пащхьэ икIэщIыпIэкIэ дихьэжынрэ. ФыкIуэ, - нэщхъей-нэщхъейуэ жиIащ Адэмей.

НэтIасэ нэкIэ иригъэлъэгъуащ Удынэ зиIэжьэну.

Пэшым щIэтахэр щIэкIыжу, зэдэлъхузэшыпхъумрэ нэрыбгеймрэ къызэхуэнэжа нэужь, упщIэ хэлъу Адэмей НэтIасэ хуеплъэкIащ.

- Удынэ дзыхь хуэпщI хъунущ, Адэмей, - дэлъхум жиIэну зыхуейр къыгурыIуащ НэтIасэ.

- Дауэ къэпщIа Нэжан зэрыкъумалыр? - и шыпхъум зыхуигъэзащ дзэзешэм.

- Къытхэтщ цIыху, дэ нэхърэ куэдкIэ нэхъ губзыгъэу, куэдым гу лъитэу, - зытригъэужу ину хэщэтыкIащ гуащэр.

- Хэт зи гугъу пщIыр?

- Уэрыш Хахуэ и къуэр хуэфэщэну къыщIэкIащ, си дэлъху закъуэ! Ди пщыр ажалым къыIэщIэзыхар аращ. Алэдамэщ. Абырэ Удынэрэ дзыхь яхуэсщIащ ди пщыр, ягъэпщкIуащ. Тыуар хьэлъэу жаIэ, - губжьымрэ шынэмрэ зэхэзэрыхьыжри, гуащэм и нэпсыр къыфIытелъэдащ.

- Сыт и лажьэр? - дзэзешэр нэрыбгейм хуеплъэкIащ.

- Зыгуэр сэкIэ епыджри, щыхупIэм иридзыхыжащ, кхъуэпIащэм и гъуэм техуэу. Пщыр хьэкIэкхъуэкIэм и хьэдзитIым фIэлъу кърихьэкIыу Алэдамэ ирихьэлIэри, къыIэщIихащ. ЛIы «мыцIыхур» и унэ ихьщ, и уIэгъэхэр зыхуей хуигъазэри, къупщхьэ къутахэр зэпигъэувэжарэ, чэтхъапIэхэр зэгуидэжауэ срихьэлIащ пщэдджыжьыпэм, - къеIуэтэж нэрыбгейм.

- Алэдамэ езым дзыхь хуэпщI хъуну? - иджы псори тIасхъэщIэхыу къыщыхъурт Адэмей.

- ЩIалэр къекIуэлIэжа нэужь, си цIыхугъэ гуэрхэм сыщIэупщIати, къызэрыщIэкIымкIэ, Алэдамэ хьэтыпщым и блыгущIэту, и хъумакIуэ нэхъыщхьэу щытащ. Дэрдэнейхэр Хьэт къэралыгъуэм зауэ IуэхукIэ и дамэгъуми, Алэдамэ зыри хищIыкIакъым ахэр дэ къызэрыттеуэм. Ар къызэрекIуэлIэжрэ, нэрыбгей зыбжанэ езгъэувэлIауэ, зэпымычу кIэлъызогъэплъ. Гурыщхъуэ дэзыгъэщIын зы Iуэхугъуи дэслъэгъуакъым блэкIа зэманым къриубыдэу, - жи нэрыбгейм.

- Нэжани хуэтщIатэкъым гурыщхъуэ, - дзыхьмыщI-дзыхьмыщIу жиIэщ Адэмеи, и шыпхъум хуеплъэкIащ. - Дэнэ щыIэ Тыуар иджыпсту?

- Сэр дыдэм сщIэркъым ар, Адэмей. Ущыгъуазэщ, бийр къыткIэлъоплъ, мывэ блыныжьхэри мэдаIуэ, къызэрыщIэкIымкIэ. Зыри къызгурымыIуэжу си щхьэр хэзэрыхьыжащ! - и щхьэр егъэкIэрахъуэ гуащэм.

- Си гъащIэм цIыхугъэншэ куэд слъэгъуащ сэ... Ауэ Нэжан апхуэдэу къытхущIидзыжыну си пщIыхь къыхэхуэртэкъым. Къуэшу сыбжащ ар, НэтIасэ! Къуэшу! Иджы еплъ... - и дзэр щкъыщкъыу зеригъэшхащ Адэмей. - Удынэ, нэжьгъущIыдзэр Жан къыхуегъани, Уэрыш и къуэр къысхуешэлIэж. ИкIэщIыпIэкIэ. Гуащэм дзыхь хуищIрэ, зэрыжыфIэм хуэдэу хахуэмэ, дгъэунэхунщ. Нэхъри, дэрдэнейхэр дэ нэхърэ нэхъыфIу ицIыху хъунщ абы, я тIасхъапIэм гу лъыдигъэтэнщ. Пщыжьым хуэдэу зауэлI Iэзэу къыщIэкIмэ, дыхуеинущ абы.

- СынодаIуэ! - жиIэри, пщащэм зигъэбзэхыжащ.

- КъыпхужьэдэшыххэнуIамэ, Нэжан и жьэр къэтIэщI. Зыми ищIэркъым абы Ахей деж нихьэса псори. Ди тIасхъапIэхэм щыгъуазэмэ... Сегупсысыну сыхуейкъым! - щIэкIыпIэмкIэ зыунэтIа и дэлъхум хуеплъэкIащ НэтIасэ.

* * *

ПСЫХЪУЭМ дэта дэрдэнейхэр изыха нэжьгъущIыдзэр къыздыкъуэхуари зэрызагъэбзэхыжари къагурымыIуэу заплъыхьырт хым тет алыджыдзэм. А псори зи нэгу щIэкIа, зи дзэпэм щыщ къыхэмынэжа дэрдэнеипщыр губжьауэ гъуахъуэрт, къикIукI-никIукIыу, мэуэтхэм жьэгукъутэр яхилъхьэну тхьэ иIуэу.

- Мы зинэкIэ къалъхуа хьэ цыплъ гупыр къыздикIар дэнэ? - мэгуо Ахей.

Жыгъэр къытекIуарэ, шагъырым игъэбэгыжауэ лIы Iув гущыкIыгъуэ хъуа дэрдэнеипщыр зэгуэр дзэпщ уардэу, Iэпщэрыбанэ Iэзэу, Хьэт къэралыгъуэм щыцIэрыIуэ зауэлI хахуэу щытауэ пщIэжынтэкъым. Илъэс щэщIым нэблэгъауэ зэрихьэрт абы и къулыкъур. А илъэс щэщIым икIыхьагъкIи зы хъуэпсапIэ нэхущ и гум щигъэфIар - Iузэв и къуэкIыпIэ Iуфэм къэралыгъуэ щиухуэну хуейт ар.

Ахей и бгъэгум къэсат тхъугъэм ищта жьакIэ Iувыр. Ар ириухуэнэхырт пщыжьым, зекIуэ щыкIуэкIэ. ТекIуэныгъэр игъэлъапIэу, фадэ гуащIэхэр и кIуэцIым имыхуэж хъуху ефэрти, мыкIуэжыр и нэкIум ирикIэрт, жьакIэпэмкIэ къыпыткIужу. Дэрдэнеипщым и щIалэгъуэм хъурыфэ пыIэм хуэдэу щхьэц баринэ фIыцIэ теташ. Пэ псыгъуэ захуэр зауэ-банэм щыхутракъутарэ къыдэшауэ, кумб цIыкIу зиIэ жьэпкъыпэ зэщIэкъуауэ щытам жьэгъу къыщIэгъуэлъхьарэ, ар жьакIэкIэ игъэпщкIу и гугъэжу... ПIащIэ хъуа щхьэц тхъуар, дыжьын толъкъуну и пщэдыкъым дэлъщ, и натIэцыр жьэдэбзыкIауэ икIащи, бзаджэнаджафэ къытрегъауэ. Тхъугъэ мащIэ хидзащ жьынду напщIэм хуэдэу тепIикI набдзэ Iувми. КъызэрыпцIыхужынур и напIэпщ къелIыхам къыщIэплъ и нэ фIыцIэ къилыдыкIхэмкIэщ.

Ахей щIэх-щIэхыурэ дэщI хуащIын хуей мэхъу, ефэ-ешхэ зэпымыухэм ныбэкъ зэрищIам, ари къызэтемыувыIэжу зэрыхэхъуэм къыхэкIыу. Гъатхэм щыгъа афэ джанэр бжыхьэм хуэмыхъужмэ, абы иригубжьрэ къыIэрыхьэр зэтрикъутэу лIыжь хьэлыншэщ ар. Пщыжьым и гум ирилъхьат мы зи чэзу зекIуэм Мэуэтейр къиззэуну, хуэзэфIэмыкIмэ, псэууэ Алыджым имыгъэзэжыну. Ауэ щыхъукIэ зэгурыIуэныгъэ лъыхъуэу къежьатэкъыми, икIуэтынутэкъым. Апхуэдизрэ и гум щигъэфIа хъуэпсапIэр къемыхъулIэурэ Ахей и гъащIэ гъунэм нэблэгъащи, а зыращ мыхьэнэ зыхилъэгъуэжыр. БлэкIар - зэрыщыту Iубахъэу бзэхыжащ.

- Еней! Плъэгъуа? Мэуэтхэр фыз кIэкъуащIэм къыкъуоплъ... Аращ къызыхуэнэжари, нэжьгъущIыдзэр япэ кърагъэувэ, езыхэр быдапIэм къыдэкIыну мэшынэ! Уахьа-хьа-хьа! - дыжьын фалъэм къина шагъыр плъыжьыр жьэдикIэри, гущыкIыгъуэу дыхьэшхащ Ахей. - А куэпэч гупым пашэу яхэта щхьэплъыр си пащхьэ лъэгуажьэмыщхьэу къимытIысхьэмэ, сэ сы-Ахейкъым! Зэхэпха, Еней?! Ар уи пщэ дызолъхьэ, си щIалэ! Мы зекIуэм зэхигъэкIынщ си пщыгъуэр пхуэфащэрэ пхуэмыфащэрэ. Дэни къих, нэрыбгейхэм я пашэр къысхуэшэ. СыкъыумыгъэщIэхъу! НэжьгъущIыдзэр зэтеткъутэмэ, мэуэтхэм я лъэр щIэхунущ. Арэс* и цIэкIэ тхьэ соIуэ, армырам абыхэм я тIасхъапIэр.

Ахей губжьауэ хыфIихуа дыжьын фалъэр щIым техуэщ, зууэ лъеижри, Iэнэ лъабжьэм щIэджэрэзэжащ.

- ЗэрыжыпIэщ, ди адэ. ЩIы фIыцIэм къыщIэсха пщIондэ, къыпхуесшэлIэнщ ар. Зы лъэныкъуэкIэ къыщыкъуэкIри, нэгъуэщIыпIэкIэ щыбзэхыжащ нэжьгъущIыдзэр. Ди тIасхъэщIэххэм къыуэ пхъэхуамэ, я щхьэр пхуагъэщхъынущ мэуэтхэм, - жиIащ Еней, Ахей и къуэм, мэуэт быдапIэмкIэ плъэурэ.

Ахей и къуэ закъуэм - дэрдэней дзэзешэм - гу лъимытэ хуэдэт и адэм. Пщыжьыр зэи арэзытэкъым и къуэм илэжь IуэхухэмкIэ. Ахей щIэхъуэпсырт, и къуэр зытет гъуэгум лъыпцIа лъагъуэ къызэринэкIыурэ ирикIуа пщIондэ, Еней и цIэр дунеижьым щигъэIуну, абы иripагъэу, и щхьэр ириIэту дзэпщ залым къыхищIыкIыну. Дэрдэнеипщыр хуэпхъашэт и къуэм, хуэгущIыIэт, хуилъырейт, уеблэмэ нэмыплъ хуищI хуэдэт. Ахей фIэмащIэт дзэпщым къыкъуэкIа лIыгъэр, хахуагъэр, хъыжьагъэр, ткIиягъыр. Ар щIэхъуэпсырт и щIэблэр езым хуэдэу хьэщхьэрыIуэу, джатэдэпщу къыщIэувэжыну. Дэрдэнеидзэм и пэIущIэм хьэбэсабэр къызэрыхрагъэхари зи къуаншагъэу къилъытэр и къуэ-дзэзешэрат.

Ахей къытехьауэ, къыIэрыхьэр зэрыщыту зэтрикъутэрт. Еней есэжат и пщы-адэм и щытыкIэми, гу лъимытэ хуэдэт ар къызэрехъурджауэм. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт мэуэтхэм нэхърэ дэрдэнейхэр куэдкIэ нэхъыбэми, я гурылъхэр тыншу къазэремыхъулIэнур. Нэрыбгейхэм ирахащ дэрдэнеидзэм и пэIущIэр... Зыуи къащIымыхъуу! Я къару къызэрихькIэ зауэмэ, сыт ялъэкIынур, жыбгъэм хуэдэу къызэрыкъуэхыу, гъуэбжэгъуэщу бзэхыжа бзылъхугъэхэм! Ари, нэгъуэщI Iэджи зэхуигъэхъуу, и нэ къаритIыр мэуэт быдапIэм тедияуэ щытт Еней зауэлI хахуэр.

ЗэпIэзэрыту, гупсысэ куу хэлъу зыкъэзыгъэлъэгъуа Еней гуащIафIэм дзэзешэ къулыкъур и пщэ къызэрыдалъхьэрэ куэд щIатэкъым. И адэр къыщIэнакIэми, къыхуэмыарэзыуэ зилыгъуэжми, щIалэщIэм зекIуэ кIуэнур и щыпэтэкъым. Абы хузэфIэкIынур адэм имыгъэунэхуауэ щыттэкъым, ипэжыпIэкIэ куэдкIэ щыгугът. И гугъапIэхэр къимыгъэпэжынкIэ, и хъуэпсапIэр къемыхъулIэнкIэ шынэрти арат Ахей зыщIилыгъуэжыр.

Лъахъстэн Iув кхъуэщыныфэм къыхэщIыкIа вакъэ лъащхьэ кIэщIыр лъэпс псыгъуэкIэ лъэнкIапIэм епхэкIат. ДэщI IэкIуэлъакIуэр Iэпкълъэпкъ пцIанэ къэпщIэнтIам хуиту щыгърэ, шхужьыр лъахъстэн джанэкIэм щIихъумэу щытт дэрдэней дзэзешэр щыму. Абы и Iэпкълъэпкъ уардэм щыщу зы налъэ мычэму текIуэныгъэм щIэхъуэпсырт. Уеблэмэ езы Ахей нэхърэ нэхъыбэжу щIэхъуэпсу къыщIэкIынт. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, итIанэ и адэм гу къылъитэнкIэ хъунт, щытхъу псалъэ къыжриIэнт, и къуэ закъуэм лIы нэс къызэрыхэкIам ирипагъу, гуапэу зэ къыIуплъэнт. ЕщIэ и адэм и гурылъ нэхъ IэфI дыдэр къехъулIэным зымащIэ тIэкIукIэ хэлIыфIыхьмэ, абы и цIэр зэриIэтынур, цIэрыIуэ зэрырихъунур. ХъуэпсапIэ IэфIхэр нахуапIэ хъуауэ и нэгу къыщIигъэхьэри, дзэпщым и тыкъыныр* зэригъакIуэу Iупс ирикъухащ.

Еней и гъущI тажым щхьэрыт бжыкI кIапэм пылъ шы соку Iэрамэр акъужьым зэрихьэурэ, щабэу пщэдыкъым дэгъуэлъхьэжырт. Ар дэгу хуэхъуат чэфым нэхъри делэ ищIа пщыжьыр къытехьауэ зэрыхъуанэм. ЩIалэщIэм и гупсысэ псори зэтар Мэуэтейр зэриубыдыну щIыкIэрат. Абы и нэгу къыщIигъэхьэмрэ Iуэхум и пэжыпIэмрэ зэхэзэрыхьыжати, я зэпылъыпIэм хэгъуэщыхьауэ, къыхэкIыжыфыртэкъым.

### Укъызэмыплъэк**I**!

АЛЭДАМЭ зыщхьэщыхьа лъагапIэм укъеплъыхмэ, лъэгум дэс жылэр Iэгум илъым хуэдэу плъагъурт. ЦIыхунэ къатемыплъэу, къызэтемыувыIэу мэз защIэкIэ жэщ-махуэ гъуэгуанэр къызэпызыча гупыр нэсащ Удынэ жыхуиIа щIыпIэм. Жылэм удэмыхьэ щIыкIэ, къыхэщхьэхукIауэ щытт къуэрэдэрэ* бжыхькIэ къэхухьа унэ закъуэ. Абы бзылъхугъэ лъагэ къыщIэкIри, зэщIэдзыIукIащ, Iэгъуэблагъэм зыгуэр къызэрыхьар хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ бзухэмрэ я щытыкIэмкIэ къищIащ. ЩIыхубзыр и ныбжьыр къыпхуэмыщIэну теплъэ гъэщIэгъуэн иIэт: пщэщIэ бостей фIыцIэ кIыхьышхуэр щIым хилъафэу щыгът, и пкъы псыгъуэм къыхэщу. Фызыкъым жыпIэнущи, Iэпкълъэпкъ зэкIуж, и бгы псыгъуэр нэхъ псыгъуэжу икъуэу бгырыпх дыжьыныфэ гъэщIэрэщIа щIэлъщ. Фызыкъым жыпIэнущи, зэгуэр выдым хуэдэу фIыцIэ къикIыу хэлъыт и нэхъыбэпIэр уэсым хуэдэу хужьу. Хьэмэрэ, сытым деж апхуэдэу щыта?! Бзылъхугъэм зиплъыхьащ, зыщIэдзэIукIри, игъэзэхащ щIыхьэпIэмкIэ. Бжэблыпкъым щынэсым, бзылъхугъэм и нэр бгъэнышхьэ натIэм тедиери, къызэтеувыIащ. И Iэр и шхужьым иригъэуваэу доплъей, хуэму къоплъыхыж, аргуэру доплъей, зыгуэрхэр зэпеплъыхь. Бгъэнышхьэ натIэм щIэгъэкъуа бжэгъур Iэ сэмэгумкIэ иубыдщ, напIэзыпIэм зиIэтщ, Iэ ижьымкIэ бгъэнышхьэм хэпхъуэри, дзыгъуэнэф къыхичащ, зиукIыжу пщIэууэ.

Алэдамэ къыгурыIуэщакъым псэущхьэ гужьеяр ныуэм зэрищIынур, ауэ, Удынэ зэрыжиIамкIэ, а бзылъхугъэрат пщыр зыгъэхъужыфынури, шым елъэдэкъауэри, лъэгум дыхьащ. ЩIыхьэпIэм нэмыс щIыкIэ къыщIэIукIащ тхьэкIумэм къедэхащIэ макъ щабэр:

- КъыщIыхьэ, Алэдамэ!

Хьэт щIыналъэм уд куэд щилъэгъуат щIалэм, абы къыхэкIыуи игъэщIэгъуакъым бзылъхугъэм и зэфIэкIхэр.

- Пщыри къыщIэфхьэ занщIэу, - шэджагъуэ дыгъэ жьэражьэр уэгум къиувами, зы нэху зыщIэмыпсэ пэш кIыфIым къыщIэувыкIащ бзылъхугъэр.

- Дауэ къэпщIа ди гъусэр зэрыпщыр? - щтэIэщтаблэу зэщIэувыIыкIащ Гуащэнагъуэ.

- Дзыгъуэнэфыр къоуэсамэ, хьэщIэ лъапIэ къыпхуэкIуэу жаIэ. Дыгъуасэ лъандэрэ сигъэпсэуркъым, бгъэнышхьэм къыхэтIысхьауэ... Еблагъэ, гуащэ! - жиIэри, удым Iэ щыIэкIэ Гуащэнагъуэ и Iэблэр иубыдащ, имыгъэлъэпэрапэу унэм щIишэну.

- Уи благъэр куэд ухъу! - и щIыфэр зэрытхытхар зэримыгъэлъэгъуэным яужь иту, пыгуфIыкIащ Гуащэнагъуэ.

- Благъэ сиIэ сэ сытми?! - щIыIэщIыIэу жиIащ удым. - Пщащэхэ, жьантIэм дэт гъуэлъыпIэм пщыр ифлъхьи, унэ щIыбагъымкIэ Iэнэ щызухуащи, си хьэщIэ лъапIэхэм Iэнэ лъакъуищыр къыхуефхьэкI, фэри федзакъэ. Гъуэгуанэ хьэлъэ къыфпэщылъщ иджыри, си тхьэIухудхэм...

Нэрыбгейхэр япэ ежьэжын хуейуэ удым щIигъэувам и закъуэтэкъым Гуащэнагъуэ къыгурымыIуэр. Гуащэр шынат.

- ЩыIэщ апхуэдэ цIыху, гуащэ, гупсысэхэр зэхихыу, умыгъэщIагъуэ, - пыдыхьэшхыкIащ удыр, Гуащэнагъуэ шэнт къыхуигъэуври. - ЕтIысэх, кхъыIэ. СощIэ си Iэр зэрыщIыIэр. Дыгъэ сфIэфIкъыми, сыщIэкIыркъым, езыри къыщIэзгъэхьэркъым.

Дэп гъэплъа изу кхъуэщын хъурей бжэкъуагъым къуэтт, щхьэгъубжэ зыхэмылъ пэш кIыфIыр къигъэнэхуу. Абы къыпих нэху мащIэри пхурикъунут «удыжь» жыхуаIа бзылъхугъэр зэрымыжьыр къыбгурыIуэн щхьэкIэ. Ар цIыхубзыку зэкIужт, и щхьэц кIыхь зэмыфэгъу утIыпщам нэхъри гурыхь щIэхъукIрэ мащIэу зэхэкIа набдзэ кърашэ Iувыр лъагэу Iэтауэ. Маисэ и напIэ лъагэм къыщIэплъ нэ щIыхупсымрэ Iупэ пIащIэ плъыжьымрэ цIыхубзым бзаджафэ къытрагъауэрт. И нэкъуапэхэм щызэхуэлъэфэса зэлъагъэ мащIэрат бзылъхугъэм ныбжь зэриIэр къызэрыпщIэр.

Абы хэту нэрыбгейхэм Iэнэр къыщIахьащ.

- Зэанэзэкъуэм зыфтхьэщIи, федзакъэ, сэ пщым и Iуэху зесхуэнщ, - жиIэри, Маисэр IукIащ.

Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърыхыжауэ лы гъэва, лэпс, бжьыныху уба, хугу пIастэ телъу Iэнэ лъакъуищыр я пащхьэ къыщрагъэувэм, Алэдамэ и напщIэр хэлъэтащ. Гуащэнагъуэ къыIурыуа мэ IэфIхэмкIэ къыгурыIуащ нарт хабзэ дахэм тету удым екIурэ-ещхьу зэрызигъэхьэзырар. Iэнэм телъым мащIэу хэIэба нэужь, пщым еIэзэу, гурыму щхьэщыс удым бгъэдыхьащ Алэдамэ.

- Хэт уигъэсами, къолIэлIащ, щIалэ, уи IитIым дыщэр къыпощэщри! Уэр мыхъуатэмэ, ди Iуэхур къызэIищIэт, зэрымыщIэкIэ! Биидзэ къыдэбгъэрыкIуам къытхалъхьэну хьэлэчым нэхърэ нэхъ Iеиж дагъэлъагъунти, нарт лъэпкъхэр мэуэт щIыналъэм щхьэкIэ зэныкъуэкъун щIадзатэмэ... Аращ гъащIэм и зэхэлъыкIэр, ауэ тхьэщ зы хъыфI - дэр-дэр дызэныкъуэкъужыми, бийр къызэрытеуэу дызэкъуэувэ, зы Iэштымыу зыдоуэкIуэдыр, - щIалэм зыкъыхуигъазэу, и щхьэ хужьыр IущIащ Маисэ.

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

**Псалъэгъэнахуэ**

*Жьыхъарз - ураганный ветер
*Нэхущ вагъуэ - булава с шипами
*Тэтэртуп - бог войны в адыгской мифологии
*Арэс - бог войны в древнегреческой мифологии
*Тыкъын - кадык
*Къуэрэдэрэ - можжевельник

Мэуэт зауэлIхэр

Экономикэ | Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● Iэщэхэр

## Ар жэуапыншэу кънэнукъым

**НаIуэу зэрыщытщи, США-р къыхэкIыжащ Курыт жыжьагъкIэ, нэхъ мащIэкIэ лъатэ ракетэхэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэм (ДРСМД). ТегъэщIапIэ ищIари Урысейм абы щызэрауххылIахэр къызэпиуду къызэрилъытэрщ. Сыт щыгъуи хуэдэу, ар щIэзыгъэбыдэ зы щапхъэ закъуи къиххыркъым. ГурыIуэгъуэт а Iуэхур жэуапыншэу къэбгъанэ зэрымыхъунур.**

- ЛЪЭНЫКЪУИТIЫМ я зыр зэгурыIуэныгъэм зэрыхэкIыжам къыхэкIыу, абы къару иIэжкъым, - жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир. - 2019 гъэм шыщхьэуIум къыщыщIэдзауэ ДРСМД-р щыIэжкъым. Американхэм ар архивым ягъэкIуащ, апхуэдэ щIыкIэкIи тхыдэм къыхэнащ.

Урысейм и жагъуэ хъууэ жеIэ щхьэусыгъуэ нэпцIхэр ящIу Штат Зэгуэтхэр мамырыгъэр зэтеIыгъэнымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ хъуа зэгурыIуэныгъэм къызэрыхэкIыжам дуней псом щытыкIэр зэрыщигъэткIияр, шынагъуэншагъэр къызэрызэпиудыр. КъыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ къэхъуар зи зэраныр Америкэм и лъэныкъуэр зэрыарар. США-м мыхьэнэ лъэпкъ зимыIэ ищIащ къарукIэ зэпэщIэувэнымкIэ щыIэ шынагъуэр гъэмэщIэным хуэунэтIауэ илъэс куэдкIэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэшхуэр. ИтIанэ, сыткIэ ди фIэщ хъуну мамырыгъэм и телъхьэ хуэдэу США-мрэ абы къыкъуэтхэмрэ жаIэхэр?

ЗэфIэува щытыкIэм тещIыхьауэ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэмрэ НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ, Къэрал щIыб разведкэмкIэ IэнатIэм я пщэ дызолъхьэ курыт жыжьагъкIэ, нэхъ мащIэкIэ лъэтэф ракетэхэр къэгупсысыным, щIыным, хэгуэшэным хуэгъэзауэ США-м илэжьхэм сакъыу кIэлъыплъыну, - жиIащ Путиным.

ИужькIэ Президентым щхьэхуэ-щхьэхуэу икIи щхьэтечу кърибжэкIащ Урысейм IэмалыншагъэкIэ зэфIигъэкIын хуей хъунухэр.

- Зи гугъу тщIы ракетэхэр щIын США-м зэрыщIидзам щыхьэт техъуэ хъыбар пэж къытIэрыхьэмэ, - пищащ Путин Владимир, - Урысейм щIидзэн хуей хъунущ апхуэдэ ракетэхэр къызэгъэпэщыным егъэщIылIа лэжьыгъэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы зэман текIуэдэнущ. Апхуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэхэр ди дзэм къаIэрыхьэхукIэ США-р ДРСМД-м къызэрыхэкIыжам къит шынагъуэм пэщIэтынущ хьэуам къыщагъэсэбэп «Кинжал», тенджызыр зи хэщIапIэ «Калибр» «Х-101» ракетэхэр, абыхэм къадэкIуэу макъым нэхърэ зыбжанэкIэ нэхъ псынщIэ «Циркони» яхэту нэгъуэщI Iэщэ лIэужьыгъуэхэр. Абы щыгъуэми, дэ дыкъытекIыркъым ди пщэ дэтлъхьэжахэм: дэ зэфIэдгъэкIынухэр зытещIыхьауэ щытынур зыхъумэжыныгъэрщ, США-м ищIам хуэдэ дыдэ жэуап еттынырщ. США-м а Iэщэ лIэужьыгъуэхэр химыгуэшауэ дэ апхуэдэхэр зы щIыпIи щыдгъэувынукъым.

### Зэпсэлъэныгъэхэм щIадзэжыну пIэрэ?

Къэхъуам щхьэкIэ къимыгъанэ, Москва хьэзырщ зэпсэлъэныгъэщIэхэм хыхьэну.

- Дэ иджыри дыщогугъ американхэмрэ абыхэм къакъуэтхэмрэ Iуэхум, езыхэм я цIыхубэм, дунейпсо цIыхубэм я пащхьэм щахь жэуапым щIэрыщIэу егупсысыжыным, - жиIащ адэкIэ Путин Владимир. - Абыхэм яча лъэбакъуэм ухуешэ мардэ гуэри имыIэу Iэщэхэмкiэ зызэщIаузэдэным. Урысейм къелъытэ зэпсэлъэныгъэхэм икIэщIыпIэкIэ щIадзэжын хуейуэ. Дэ абыхэм дахуэхьэзырщ.

### ЗэгурыIуэныгъэр къызэрежьар

Курыт жыжьагъкIэ, нэхъ мащIэкIэ лъэтэф ракетэхэр гъэкIуэдыжыным теухуа зэгурыIуэныгъэм СССР-мрэ США-мрэ Iэ традзащ 1987 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м. Абы щыгъуэм къэралитIым я Iэтащхьэу щыта Горбачёв Михаилрэ Рейган Рональдрэ зэгурыIуат илъэси 3-м къриубыдэу курыт жыжьагъкIэ (километр минминрэ щитхукIэ), нэхъ мащIэкIэ (километр щитху-мин хуэдизкIэ) лъэтэф ракетэ псори ягъэкIуэдыжыну. Апхуэдэ ракетэхэр къагупсыси, яIи, ягъэунэхуи дяпэкIэ хъужынутэкъым. ЗэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащIэр лъэныкъуэхэм къапщытэ хъунут кIэлъыплъакIуэхэр зыкIэлъагъакIуэурэ.

ИужькIэ СССР-м апхуэдэ ракетэу США-м ейхэм нэхърэ хуэдитIым нэскIэ нэхъыбэ икъутэжащ. Я лъэщагъкIэ къапщтэмэ, совет ракетэхэм хуэдиплIкIэ нэхъыбэ яхьыфынут къызэрагъауэ Iэщэу.

ЗэгурыIуэныгъэр пIалъэншэу зэращIылIат. Ауэ дэтхэнэри абы къыхэкIыжыну хуитт, а зэгурыIуэныгъэм къигъэувхэр, «езым и къэралым и сэбэп зыхэлъхэр къызэпиуду» къилъытэмэ.

● Абы дегъэпIейтей

## Къызэзыт-стезыхыж

**Мы гъэм шыщхьэуIум и 1-м къыщыщIэдзауэ Польшэм и правительствэм налогыр ящхьэщихащ щIалэгъуалэм. А Iуэхур егъэщIылIащ зи ныбжьыр илъэс 26-м нэмыса цIыху мелуани 2-м. Мурадыр зыхуэгъэзар щIалэгъуалэм я деж щызекIуэ лэжьапщIэ щэхур гъэкIуэдауэ ахэр улахуэ «хужьым» тегъэтIысхьэжынырщ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Китайми унафэ къыщащтащ хэхъуэ нэхъ мащIэ дыдэ фIэкIа зыIэрымыхьэхэм налог Iамыхыну. Псори зытещIыхьари экономикэм зегъэужьынырщ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ.

Урысейми куэд щIауэ къыщыхалъхьэ нэхъ хуэмыщIахэм - абыхэм яIэрыхьэр мылIэIусщ икIи я щхьэр яхуэIыгъыжыркъым - налогхэр щхьэщахыну. АрщхьэкIэ тетыгъуэр зейхэм зралъэфыхь, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъуэт: апхуэдэу тщIымэ, цIыхухэр лэжьыгъэм егугъужынукъым, бюджетым хэхъуэхэр фIэкIуэдынущ, япэщIыкIэ къулейсызу къэлъытэн хуейхэр хэт сымэми зэхэгъэкIын хуейщ...

Аращи, сыт щыгъуи яужь йохьэ къулейсызыгъэр къызыхэкIыр зэхигъэкIыным. КIэи пэи иIэкъым.

«Бгым джэдыкIэкIэ еуэ» жыхуаIэращи, Правительствэм хуабжьу и жагъуэщ хэхъуэхэр цIыхум зэратегуэша щIыкIэм тепсэлъыхьын. Абы щыгъуэми, зызыужьа къэралхэм я нэхъыбэм къулейхэм (я мылъкур зыхуэдизым елъытауэ) нэхъ налогышхуэ щат. Илъэсищ ипэкIэ а хабзэм техьащ Китайри. ИлъэсипщI хъуауэ апхуэдэ псалъэмакъ къыщокIуэкI ди дежи. АрщхьэкIэ къулыкъущIэхэм зэхахыркъым...

Лэжьэфыну цIыхур псэун щхьэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр мы зэманым Урысейм ику иту щынос сом мин 12-рэ 130-м. Апхуэдэ цIыхухэм зыгуэркIэ защIэгъэкъуэным къэралым сом мелард куэд трегъэкIуадэ, арщхьэкIэ, телъыджэращи, налог зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ яIехыж. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зы жыпым хурелъхьэри, адрейм кърехыж, къулейсызыр къулейсызу къонэ. АтIэ, нэхъыфIтэкъэ мылъкур къызэбэкIхэм нэхъыбэ къыIахамэ?

- Мыбдежым бюджетыр щыхилъэфэнукъым, ауэ мылIэIусыр зыIэрагъэхьэным зэманышхуэрэ тхылъымпIэрэ трамыгъэкIуадэу хуэмыщIа цIыху мелуанхэм сом мин зыбжанэ лейуэ ялъысынут я щхьэ зэрахьэн папщIэ. Апхуэдэу хъумэ, ерыскъыуэ, хьэпшыпу нэхъыбэ къащэхуфынут, сатуми, абы иужькIэ экономикэми нэхъ заIэтынут. Иджыри щапхъэу къэтхынщи, мис апхуэдэу щегупсысащ Китайм. АрщхьэкIэ УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм и унафэщI Набиуллинэ Эльвирэ къелъытэ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм экономикэм зримыгъэужьыну. АтIэ, китайхэр нэхъ делэ?!

Урысейм и Президент Путин Владимир къалэну игъэуващ 2024 гъэм ирихьэлIэу къэралым къулейсызхэм я бжыгъэр хуэдитIкIэ щагъэмэщIэну. Ауэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ?

## Узыншагъэрщ псом япэр

Бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм терапевт 4319-рэ щолажьэ. Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къипщытащ ахэр щIыналъэхэм зэрыщытегуэшар. Зи гугъу тщIы IэщIагъэлIхэр щынэхъыбэщ Дагъыстэнымрэ (1342-рэ) Ставрополь краймрэ (986-рэ). Абыхэм якIэлъокIуэ Шэшэныр (580-рэ), Осетие Ищхъэрэ - Аланиер (456-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэрыр (405-рэ). Ингушымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щынэхъ мащIэщ - зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу 311-рэ, 257-рэ.

АрщхьэкIэ, цIыху минипщI къэс яхуэзэр къэплъытэмэ, псоми япэ итщ Ингушыр - IэщIагъэлIи 9,39-рэ яхуозэ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэм щытщ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ (8,48-рэ) Къэрэшей-Шэрджэсымрэ (7,15-рэ). КъакIэрохуэ Шэшэныр (6,46-рэ), Дагъыстэныр (6,16-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэрыр (6,15-рэ). Ставрополь крайм цIыху минипщI къэс щахуэзэр IэщIагъэлIи 4 къудейщ.

Зэрытлъагъущи, мащIэIуэщ. Апхуэдэ дыдэу щытыкIэр нэхъ гугъуж ещI зи гугъу тщIы IэщIагъэлIхэри, адрей дохутырхэри жылагъуэхэм зэхуэдэу зэрытемыгуэшам. Медицинэм трагъэкIуадэм къыдагъэхуэн мурадкIэ, къуажэхэм щызэхуащIыжащ участкэ сымаджэщхэр. Абыхэм япIэкIэ щIыпIэ пхыдзахэм къыщызэIуахащ фельдшер-акушер пункткIэ зэджэхэр. АрщхьэкIэ, ахэр япэлъэщрэ я пщэ далъхьа къалэнхэм? Абы и гугъу тщIыххэнкъыми, я лэжьыгъэр зыхуэунэтIахэри зэIубзкъым. Мис зы щапхъэ закъуэ. Бахъсэн районым щыщ Куба къуажэм зауэ нэужьым район сымаджэщ дэтащ. Абы и унэр СССР-м и Iэтащхьэ Сталин Иосиф и зэманым щыIа архитектурэм тету яухуат: колоннэхэр щIэгъэкъуауэ, блынхэм тхыпхъэщIыпхъэхэр хэщIыхьауэ. Райцентрыр дахыжа иужь, абы и мыхьэнэр нэхъ цIыкIу хъуащ - участкэ сымаджэщым хуэкIуащ. Мыбы щылажьэрт терапевтитI, нэгъуэщI IэщIагъэ зиIэ дохутырхэр. Езы сымаджэщым екIуалIэрт къуажэ Iэгъуэблагъэхэм щыщхэри. Иджы къатитIу зэтет унэшхуэр нэщIщ, дохутырхэри щыплъагъунукъым. Мис аращ емыгупсысу ирагъэкIуэкI «зэхъуэкIыныгъэхэм» дызыхуашар.

● Нэпсеягъэ

## Пащтыхьым и щIыхуэхэр хуапшыныжыну къагъэув

### Франджыхэм къалъытэ дэ абыхэм еврэ мелард щэщI яттыжын хуейуэ

**Франджым и Лъэпкъ зэхуэсым и депутат Веркамер Франсис къэрал къулыкъумрэ бюджетымкIэ министрым елъэIуащ, пащтыхь Урысейм и облигацэхэр зыIыгъ франджыхэм ахъшэр иратыжыным теухуа Iуэхур зэфIигъэкIыну.**

- ИЛЪЭСИЩЭМ щIигъу дэкIами, облигацэхэр зеяхэм я къуэрылъхухэмрэ абыхэм къалъхужахэмрэ иджыри къагъэув яфIэкIуэда ахъшэр иратыжыну, - жиIащ Веркамер.

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ зэхуэдитIымрэ етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ франджыхэр яхыхьащ Урысейм щIыхуэ къезытхэм: абыхэм куэду къащэхурт тхылъымпIэ лъапIэхэр. 1917 гъэм екIуэкIа Октябрь революцэм иужькIэ большевикхэм ядакъым пащтыхьым къищта щIыхуэхэр иратыжын. Абыхэм тегъэщIапIэ ящIащ Франджым езым и дзэхэр Граждан зауэм и зэманым ди къэралым къызэригъэкIуам Урысейм нэхъ хэщIыныгъэ хьэлъэхэр къызэрыхуихьар.

Пэжщ, 1997 гъэм Москва арэзы хъуащ Франджым облигацэхэр зыIыгъхэм доллар мелуан 400 яритыжыну. АрщхьэкIэ депутат Веркамер жеIэ а ахъшэр облигацэхэр зыIыгъхэм пащтыхь Урысейм кърата щIыхуэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ мащIэу. Франджы журналистхэм къызэрабжамкIэ, апхуэдэ тхылъымпIэ лъапIэхэр зезыхьэхэр цIыху мин 400-м ноблагъэ. Псори зэхэту облигацэхэр еврэ мелард 300 и уасэнкIэ хъунущ.

- Министрыр мыхъуу, психиатрым зыхуигъэзэну а депутатым сэ чэнджэщ естынт, - къыхигъэщхьэхукIащ ФедерацэмкIэ Советым хэт Джаабаров Владимир. - ЛъэныкъуитIыр зэрызэгурыIуар и лъабжьэу Урысейм 90 гъэхэм доллар мелуан 400 ипшыныжакIэщ. Аращи, Iуэхур зэфIахащ. Париж абыкIэ мыарэзымэ, а депутатым и гупсысэкIэм тетщIыхьынщи, франджыхэм яхуэдгъэувынщ Наполеон Урысейм къызэрытеуам, Москва зэригъэсам папщIэ контрибуцэ ипшыныжыну.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар*
**ШАЛ Мухьэмэдщ.**

## «Тэрчыр» прохладнэдэсхэм ящхьэщокI

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм и пэщIэдзэм турнир таблицэм зэхъуэкIыныгъэ хилъхьащ: «Тэрчыр» и стадионым «Энергетик»-м щефIэкIри, етIуанэ увыпIэм дэкIуэтеящ.**

ИУЖЬ джэгугъуиплIым ящыщу 3-р и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэу «Автозапчасть»-м, «Керт»-м, «Тэрчым» езыгъэхьа «Энергетик»-р иджыри къэс зыкIэлъеIа бахъсэндэсхэм псынщIэ дыдэу къакIэрыхуам и закъуэкъым, атIэ абы етIуанэ увыпIэри IэщIэкIащ. Ар зэкIэ зыIэригъэхьащ Джылахъстэнейм и командэ нэхъыщхьэм икIи щIэх иутIыпщыну фэ теткъым.

«Къундетейм» къыхигъэщIа иужькIэ зызэщIикъуэжауэ и текIуэныгъэхэм пещэ «Автозапчасть»-м. Шэч хэмылъу, аращ мыгъэрей чемпионыгъэми нэхъ щIэбэнынур.

Зэхьэзэхуэм къыщыкIэрыхухэм лъэ быдэкIэ яхыхьащ Акъбащ Ищхъэрэм и командэри. МазитIым щIигъуащ ар иужьу зэрытекIуэрэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Акъбащыр» гъусэ яхуэхъуащ турнир таблицэм кууэ щыкIуэцIрыхуа «Нартанымрэ» «Псыкуэдымрэ». А щытыкIэ гугъум ахэр къызэрикIыжыфыну щIыкIэр хэт ищIэн?

«Автозапчасть»-м и пашэ Бэчбо Мурат гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжыпэр зэрыщиIыгъщ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ абы и хьэрхуэрэгъухэм топ 31-рэ яхудигъэкIащ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ «Малка»-м щыщ ШащIэ Беслъэн.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: *епщыкIубланэ джэгугъуэ* - «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - «**Керт**» (Къэхъун) - **1:4**, «**Къундетей**» (Шэджэм) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2:2**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Нартан**» (Нартан) - **3:1**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - **1:0**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент) – **1:1**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2:3**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **2:1**; *епщыкIуиянэ джэгугъуэ* - «**ЛогоВАЗ**» - «**Малка**» - **3:3**, «**Нартан**» - «**Ислъэмей**» - **1:2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Акъбащ**» - **4:0**, «**Керт**» - «**Нарт**» - **3:3**, «**Псыкуэд**» - «**Автозапчасть**» - **1:4**, «**Къундетей**» - «**Тэрч**» - **0:2**, «**Энергетик**» - «**ХьэтIохъущыкъуей**» - **3:1**, «**Спартак-Д**» - «**Налшык**» (Налшык) – **2:1**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **18** | **16** | **1** | **1** | **91-14** | **49** |
| **2. «Тэрч»** | **18** | **14** | **2** | **2** | **43-18** | **44** |
| **3. «Энергетик»** | **18** | **14** | **1** | **3** | **68-26** | **43** |
| 4. «Керт» | 18 | 12 | 3 | 3 | 67-22 | 39 |
| 5. «Спартак-Д» | 18 | 9 | 2 | 7 | 35-27 | 29 |
| 6. «Ислъэмей» | 18 | 8 | 5 | 5 | 39-34 | 29 |
| 7. «Малка» | 18 | 8 | 3 | 7 | 47-41 | 27 |
| 8. «Налшык» | 17 | 7 | 4 | 6 | 40-36 | 25 |
| 9. «ХьэтIохъущыкъуей» | 18 | 7 | 2 | 9 | 39-45 | 23 |
| 10. «Нарт» | 18 | 5 | 6 | 7 | 33-46 | 21 |
| 11. «ЛогоВАЗ» | 18 | 5 | 4 | 9 | 38-48 | 19 |
| 12. «Къундетей» | 18 | 5 | 2 | 11 | 33-56 | 17 |
| 13. «Родник» | 17 | 4 | 1 | 12 | 24-54 | 13 |
| **14. «Акъбащ»** | **18** | **3** | **3** | **12** | **28-59** | **12** |
| **15. «Псыкуэд»** | **17** | **2** | **3** | **12** | **20-80** | **9** |
| **16. «Нартан»** | **17** | **2** | **0** | **15** | **19-58** | **6** |

● Налшык

## Сабийхэм ядоIэпыкъу

«ХъуэпсапIэхэр нахуапIэ мэхъу» фIащауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ жылагъуэ-псапащIэ фондым и унафэщI Магомедовэ ФатIимэ и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща концертышхуэ щекIуэкIащ Налшык и Театр щхъуантIэм. Абы хэтащ ди республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.

Iуэхур зытеухуар ДЦП, нэгъуэщI узыфэ хьэлъэ зыпкърыт сабий сымаджэхэм защIэгъэкъуэнырщ. Мы концертым къыхэкIынур сабиищым иратыну зэгурыIуат. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди щIыналъэм и щымащIэкъым гущIэгъурэ гулъытэрэ зыхэлъ цIыхухэр. Концертым ныбжь зиIэхэри щIалэгъуалэри къекIуэлIащ, яхузэфIэкI ахъши Iуэхум халъхьащ.

«ХъуэпсапIэхэр нахуапIэ мэхъу» фондым Iуэхур къыщызэригъэпэщым зыкъыщIагъэкъуащ «Дэлъыкъуэгъу хуэныкъуэм фи Iэр хуэфший» волонтёр зэщIэхъееныгъэм хэт ныбжьыщIэхэм. Абыхэм я нэIэм щIэту цIыкIухэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ утыку ирашащ, тIысыпIэ нэхъ тыншхэр хуагъэхьэзыращ. Концертым къыпэкIуа ахъшэр (сом мин 600-м нэс) сабиищми я зэхуэдэу а махуэм иратыжащ. АбыкIэ цIыкIухэм я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнущ.

**ХЬЭТУ Астемыр**,
*«Рука помощи» волонтёр гупым и унафэщI.*

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка», «Голос Чегема», «Бахъсэн», «Баксанский вестник», «Вести Прохладного», «Лескенская газета», «Майские новости», «Маяк 07», «Налшык», «Прохладненские известия», «Терек», «Черекские вести», «Эльбрусские новости» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэм я лэжьакIуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр телекомпанием» и радиом макъымкIэ и режиссёр **Ащнокъуэ - Къуэдзокъуэ Тамарэ Шэмсэдин и пхъум** хуогузавэ абы и къуэ **Къуэдзокъуэ Аслъэн Хьэсэн и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

КъБР-м «Промышленностым щылажьэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» и щIыналъэ IуэхущIапIэм и правленэм хэтхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакIуэхэр КъБР-м «Промышленностым щылажьэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм» и унафэщIым и япэ къуэдзэ **ГуэбэщIыкI Жантемыр Мухьэмэд и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Риммэ Мухьэмэд и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

● Японие

## Ууеймрэ умеймрэ

**Японхэр хущIокъу Курил Ипщэхэм я хытIыгухэр езыхэм яйуэ дунейм къыщагъэхъуну, хэбгъэзыхьмэ, езыхэми я фIэщ хъужа хуэдэщ. Дэтхэнэ дипломатми пщэрылъ щащIащ а хытIыгухэр Японием Iэрыхьэжыным сыт и лъэныкъуэкIи щIэбэныну. Премьер-министр Абэ и адэм и кхъащхьэм и деж тхьэ щиIуащ мы Iуэхур «зэфIихыну». АрщхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, умейр ууейуэ жыпIэми, ар ууей хъуркъым. Мис зы щапхъэ. 2020 гъэм Японием щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм и пэ къихуэу олимп мафIэр къыщрахьэкIыну щIыпIэхэм я картэ къыдагъэкIащ, абы Урысейм и Кунашир, Итуруп, Шикотан хытIыгухэр, адрейхэр Японием и щIыналъэ хуэдэу къыщыгъэлъэгъуащ.**

ИЛЪЭС куэд хъуауэ Токио къегъэув а хытIыгухэр езым иратыжыну. Уеблэмэ, лъэныкъуэхэм мамыр зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэн папщIэ ар лъэпощхьэпоуэ къелъытэ - ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэриухрэ къэралитIми Iэ традзакъым мамыр зэгурыIуэныгъэм. АрщхьэкIэ Урысейм къегъэув япэщIыкIэ а зэгурыIуэныгъэм Iэ традзэну, иужькIэ а хытIыгухэм ятеухуа зэпсэлъэныгъэхэм щIадзэжын хуейуэ.

Iуэхур здэщыIэри щIыналъэр зеин хуейм и закъуэкъым. Курилхэр бдзэжьейкIэ фIэкIа нэгъуэщIкIэ къулейкъым. ЩIышхуэ дыдэ зыIыгъ Урысейм и дежкIэ ахэр зы IэпапIэ закъуэщ. АрщхьэкIэ хытIыгухэр Японием зэрыIэрыхьэжу, ахэр США-м къигъэсэбэпынущ УФ-м и КъуэкIыпIэ Жыжьэм и къарухэм къакIэлъыплъын папщIэ. Абы шэч хэлъкъым: Токиорэ Вашингтонрэ быдэу зэпыщIащ икIи япэм иужьрейм хуищIэнущ зыхуей псори. Уеблэмэ Японием къыщыдэкI газетхэм щIауфэркъым Курилхэм Штат Зэгуэтхэм я дзэ базэхэр къызэрыщыхутэнур. АтIэ, Москва ар идэн?!

- Японием куэд щIауэ зэхегъэгъуащэ езым и гъунапкъэхэр, - къыхегъэщхьэхукI УФ-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием КъуэкIыпIэ ЖыжьэмкIэ и институтым Японием егъэщIылIа къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и Iэтащхьэ Кистанов Валерий. Къэралышхуэ тIощIым я унафэщIхэр Осакэ щызэхуэсыным ипэ къихуэу абы картэ къыдигъэкIащ Курилхэр езым ейуэ къыщыгъэлъэгъуауэ. Си гугъэщ Урысейм НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм иджы къэхъуар жэуапыншэу къимыгъэнэну.

Ар захуэу къыщIэкIащ. УФ-м и МИД-м и лэжьакIуэ Захаровэ Марие журналистхэм яжриIащ:

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Токио хущIокъу Iуэхум и щытыкIэр зэрихьэкIыну икIи Курил хытIыгухэр Урысейм фIэкIыпIэ имыIэу зэрейм шэч къытригъэхьэну. Дэ къыдолъытэ абы илэжьхэр къызэремызэгъыр нэм къыщIэуэу.

● Тайвань - Китай

**Тайвань хытIыгум дунеяплъэ кIуэ цIыхухэм я нэхэм япэу къыфIэнэр абы и къалащхьэм къати 101-рэ хъууэ дэт Тайбэй унэ абрагъуэрщ. Метр 510-рэ зи лъагагъ абы тыкуэн, ресторан, нэгузегъэужьыпIэ куэд дыдэ хэтщ. Езым ищхьэ дыдэ къатым унэсыным зы дакъикъи текIуэдэнукъым псынщIэ дыдэу зекIуэ лифтхэм я фIыгъэкIэ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элла** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33 12+

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 2.064 ● Заказ №735